

**Tradhisi Slametan Kelairan Bayi ing Desa Bediwetan Kecamatan Bungkal Kabupaten Ponorogo
(Tintingan Wujud, Makna, Fungsi, Pamawas, lan Owah Gingsir)**

Muh. Jauhari

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (armada_joe_interisti@yahoo.co.id)

Abstrak

Tradhisi minangka sawijine kabudayan saka asiling daya cipta, rasa, lan karsane manungsa. Salah sawijine wujud kabudayan yaiku Tradhisi Slametan Kelairan Bayi. Sajrone TSKB ana wujud uba rampe lan tata laku kang nduweni makna kang gegayutan karo filsafat Jawa. Ora saben wong paham lan ngerti ngenani makna kang kinandhut sajrone uba rampe lan tata laku. Simbol-simbol kang kinandhut sajrone tradhisi nduweni makna kang luhur gegayutan karo urip bebrayan lan karaktere masyarakat Jawa. Saliyane iku, TSKB uga nduweni piguna saengga tetep diugemi dening masyarakat. Tradhisi kasebut uga mujudake kabudayan kang *dinamis* lan ngalami owah gingsir. Alasan kasebut narik kawigaten saengga ditindakake panliten iki.

Bab kang dadi undering panliten, yaiku (1) kena ngapa masyarakat ing Desa Bediwetan, Kecamatan Bungkal, Kabupaten Ponorogo nindakake TSKB, (2) kepriye wujud tata laku, uba rampe, lan maknane, (3) apa pigunane TSKB, (4) kepriye panemu lan pamawase masyarakat, lan (5) kepriye owah gingsire TSKB. Adhedhasar undering panliten kasebut, mula tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake undering panliten. Dene paedah saka panliten iki yaiku menehi gegambarane ngenani apa kang sinebut ing undering panliten.

Kanggo ngudhari apa kang ana ing undering panliten, mula digunakake teori folklor andharane Dananjaja kanggo ngudhari wujud TSKB lan teori *hermeneutik* Paul Ricoeur kanggo nafsirake makna uba rampe lan tata laku sarta teori Pierce ngenani *semiotik* kanggo nafsirake simbol kang ana ing TSKB. Kanggo ngudhari pigunane kabudayan digunakake teorine Bascom. Saliyane iku, kanggo nintingi pigunane TSKB mula digunakake teori Merton ngenani fungsi lan disfungsi kabudayan. Sabanjure nggunakake teorine Iser ngenani *resepsi* lan panemune masyarakat ngenani TSKB. Owah gingsire TSKB bakal diudhari manut andharane Koentjaraningrat ngenani owah-owahane kabudayan.

Panliten iki nggunakake ancangan *kualitatif*. Metodhe lan teknik pangumpulane dhata kang digunakake yaiku observasi, wawancara, dhokumentasi, lan kuesioner. Tata carane ngolah lan nganalisis dhata yaiku nindakake transkrip dhata, nggolongake lan nyocogake dhata karo panliten, ngandharake dhata adhedhasar undering panliten, lan menehi dudutan saka asiling panliten.

TSKB ditindakake dening masyarakat jalaran, (1) mujudake tradhisi warisan, (2) mujudake karakter lan sipate masyarakat Jawa, lan (3) slametan minangka sawijining ngibadah. Uba rampene awujud buceng lanang, buceng wadon, jenang abang jenang putih, ingkung, lawuh-lawuhan, iwel-iwel, geneman neptu, lan jajanan pasar. Tata lakune yaiku awujud mendhem ari-ari, gendurenan, kekahan, diba'an, lan nyukur rambute bayi. Uba rampe lan tata laku kasebut nduweni makna kang luhur kang disimbolake ing wujud panganan lan tindakan. TSKB nduweni piguna, yaiku (1) minangka sistem proyeksi, (2) sarana pendhidhikan babagan agama, babagan tata krama (karakter pribadi), lan babagan sosial, lan (3) minangka sistem kontrol. Panampane masyarakat ngenani TSKB kaperang dadi loro yaiku masyarakat kang sarujuk lan masyarakat kang ora sarujuk. Saka panampane masyarakat kasebut uga bisa diweruhi fungsi (*manifes* lan *laten*) lan disfungsi kabudayan. TSKB ing biyen lan saiki tamtune wis beda jalaran masyarakat minangka panyengkuyunge kabudayan uga wis beda. Beda-bedane iku bisa dideleng ing babagan uba rampe, tata laku, lan piranti panyengkuyunge. Faktor saka njero kang njalari owah gingsire TSKB yaiku *discovery* lan *invention*, dene faktor saka njaba yaiku *difusi* lan *akulturasi*.

Tembung Wigati: tradhisi, slametan, kelairan bayi, uba rampe, tata laku.

A. PURWAKA

Tradhisi minangka sawijine kabudayan saka asiling daya cipta, rasa, lan karsane manungsa. Salah sawijine wujud kabudayan yaiku Tradhisi Slametan Kelairan Bayi. Tumrape masyarakat Jawa, anggane nindakake tradhisi kasebut uga ora tanpa lelandhesan. Ana bab-bab kang njalari masyarakat Jawa saengga tetep teguh lan ngugemi tradhisi kasebut. Sajrone TSKB ana

wujud uba rampe lan tata laku kang nduweni makna kang gegayutan karo filsafat Jawa. Kang dadi perkarane yaiku ora saben wong paham lan ngerti ngenani makna kang kinandhut sajrone uba rampe lan tata laku kasebut. Kamangka, simbol-simbol kang kinandhut sajrone tradhisi nduweni makna kang luhur gegayutan karo urip bebrayan lan karaktere masyarakat Jawa. saka simbol-simbol kasebut uga bisa didadekake bahan piwulang kanggo masyarakat ing urip bebrayan.

Salah sawijine alasan saengga masyarakat Jawa tetep ngugemi Tradhisi Slametan Kelairan Bayi yaiku masyarakat isih mandeng yen tradhisi kasebut nduweni piguna. Mula isih dirasa perlu anggone njlentrehake kagunane TSKB sajrone urip bebrayan. Saliyane iku, pamawas lan panemune masyarakat Jawa ngenani TSKB uga perlu diandharake supaya luwih mangerteni pamawase masyarakat marang tradhisine. TSKB mujudake sawijine tradhisi kang dinamis, tegese ngalami owah-owahan. Alasan-alasan kasebut kang dadi undering panliten lan kang dadi landhesan saengga ditindakake panliten iki.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngudhari lan njlentrehake apa kang dadi undering panliten kang sinebut ing ndhuwur. Saka panjlentrehan iku, dikarepake bisa nambahi wawasan lan kawruh anyar ngenani TSKB lan tradhisi-tradhisi liyane. Kanthi mangkono, dikarepake masyarakat Jawa bisa luwih mangerteni tradhisine lan mangetreni apa kang kudu ditindakake supaya tradhisi kasebut bisa tetep lestari. Saliyane iku, dikarepake supaya masyarakat Jawa nindakake tradhisi kanthi alasan kang cetha saengga anggone nindakake tradhisi ora mung elon-elon wae tanpa mangerteni landhesane.

Kanggo ngudhari apa kang dadi undering panliten, mula digunakake sawijine teori. Kapisan yaiku teori folklor kang diandharake dening Dananjaja kanggo nintingi wujud tradhisi slametan kelairan bayi. Folklor diperang dadi telu, yaiku (1) folklor lisan, (2) folklor setengah lisan, lan (3) folklor dudu lisan. Kapindho yaiku teori *hermeneutik* Paul Ricoeur kanggo nintingi makna filosofis sajrone tata laku lan uba rampe ing tradhisi sepasaran bayi. Ana telung tahapan kanggo mahami, yaiku kang dumadi saka *penghayatan* ing simbol-simbol marang panemu ngenani pamikiran saka simbol-simbol, yaiku (1) simbolik utawa anggone mahami saka simbol marang simbol, (2) menehi makna dening simbol sarta nggoleki teges kang pener ngenani makna, (3) tumindak kang filosofis, yaiku ngecakake olah pamikir kanthi nggunakake simbol minangka panggon wiwitane. Saliyane iku uga nggunakake teori *semiotik* (simbol lan tandha) saka Pierce, yaiku (1) tandha iku dhewe, (2) bab kang ditandhani, lan (3) sawijine tandha anyar kang dumadi ing batine sing nampa.

Katelu, panemune Merton ngenani fungsi kabudayan kang dumadi saka fungsi manifest lan fungsi laten. Saliyane iku uga ana disfungsi utawa fungsi negatif kang ora dikarepake saka anane kabudayan.

Kapapat yaiku konsep teorine Iser ngenani resepsi sastra kanggo nintingi panemune lan pamawase masyarakat Jawa ngenani tradhisi sepasaran bayi. Teori kasebut kanggo njlentrehake apa kang ditindakake masyarakat marang objek, apa kang ditindakake objek marang masyarakat, lan apa wewatesane masyarakat

minangka kang menehi makna (Endraswara, 2008:121).

Kalima, yaiku konsep ngenani owah-owahane kabudayan dening Koentjaraningrat lan Sukarman, diperang dadi telung tahapan yaiku tahap selektif, adaptif, lan akulturasi. Dene faktor-faktor kang njalari anane owah-owahan, yaiku faktor *intern* kayata discovery lan invention, dene faktor *ekstern* kayata difusi, akulturasi, lan asimilasi.

B. METODHE

Panliten ngenani *Tradhisi Slametan Kelairan Bayi ing Desa Bediwetan, Kecamatan Bungkal, Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi, Resepsi, lan Owah Gingsir)* iki nggunakake ancangan *kualitatif*. Miturute Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2009:4) ancangan kualitatif minangka sawijining paugeran panliten kang ngasilake dhata *deskriptif* arupa tetembungan kang tinulis utawa lesan saka pawongan lan tata tumindak kang dijlimeti. Informan utama minangka sumber dhata ing panliten iki yaiku Mbah Said (86 taun) lan Mbah Tuminah (85 taun). Kekarone minangka sesepuh ing Desa Bediwetan lan kerep mimpin upacara-upacara tradhisi kang ditindakake. Informan panyengkuyung yaiku Mbah Ngadenan (67 taun) minangka tokoh masyarakat sarta kyai kang mimpin sawijining pondhok lan madrasah, kanggo mangerteni pamawase TSKB saka sisih agama mligine agama Islam. Dhata ing panliten iki yaiku awujud dhata lesan, tulisan lan barang. Dhata kang awujud lesan yaiku saka asiling rekaman/cathetan wawancara kang arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana saka *informan*. Dhata tulisan yaiku arupa pethikan-pethikan katrangan saka para ahli kang tinulis ing buku. Dene dhata kang awujud barang yaiku arupa gambar saka asiling dhokumentasine tata laku lan uba rampe upacara tradhisi kelairan bayi. Instrumen panliten bisa digolongake dadi instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti dhewe, dene instrumen panyengkuyunge awujud paugerane wawancara, paugerane *observasi*, *lembar pengamatan*, lan lembar kuesioner. Piranti panyengkuyunge yaiku buku, pulpen, HP, kamera *digital*, lan laptop. Tata cara ngumpulake dhata kudu dilakoni kanthi bener lan pener supaya ditemokake dhata kang *valid*. Mula, kudu digatekake tata carane anggone ngumpulake dhata, yaiku kanthi *observasi*, wawancara, dhokumentasi, lan *kuesioner*. Panliten iki nggunakake analisis dhata kaya kang diandharake dening Sudikan (2001:80) yaiku (1) *open coding*, tegese panliti kudu nggolek *variasi* dhata saakeh-akeh kang salaras karo panliten kang dilakoni, (2) *axial coding*, tegese ngurutake dhata saka *open coding* mau miturut panggolongane, (3) *selective coding*, tegese panliti nggolongake proses pemeriksaan kategori inti

gayutane karo kategori liyane. Saliyane iku, analisis dhata ing panliten iki uga nggunakake andharan saka Moleong (2009:227-280) ngenani modus analisis dhata, yaiku (1) hermeneutik, minangka wujud lelandhesane filsafat lan minangka modus analisis dhata. Hermeneutik gayutane karo *pemaknaan* sawijing analog teks. Tujuwane analisis hermeneutik yaiku menahi pemahaman sekabehane, sesambungane pawongan ing sajrone, *organisasi*, lan *teknologi* pawartane, (2) semiotik, kang uga bisa digunakake minangka filosofi apadene modus analisis. Semiotik gegayutan karo makna sajrone tandha lan simbol, (3) narasi lan metafora. Analisis dhata iki mung cukup nggunakake analisis hermeneutik lan semiotik.

Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki bisa dijlentrehake kaya mangkene.

- 1) Nindakake transkripsi marang sakabehe dhata asil observasi lan wawancara.
- 2) Nggolongake dhata adhedhasar jinise topik panliten kang bakal dianalisis, yaiku alasan ditindakake tradhisi, tata laku lan uba rampene, makna filosofine, panemune masyarakat, lan owah gingsire tradhisi.
- 3) Nganalisis dhata kang wis digolongake.
- 4) Menahi dudutan adhedhasar asiling analisis.

C. ANDHARAN

1. Gayutane Etnografi lan Tradhisi

Kahanan etnografi desa Bediwetan kaya nduweni gegayutan karo tradhisi, mligine tradhisi slametan kelairan bayi. Kalorone mujudake sesambungan kang raket saengga salah sijine bisa ndayani marang sijine, uga suwalike. Masyarakat minangka subjek kang nindakake lan mbutuhake tradhisi, dene urip lan matine tradhisi gumantung marang masyarakat.

a. Sistem Kapitayan

Masyarakat desa Bediwetan akeh kang ngugemi agama Islam, saengga sawernane wujud tradhisi kang ngrembaka ing bebrayan, sithik akeh tinemu unsur-unsur agama Islam kang mlebu sajrone tradhisi. Unsur-unsur agama Islam nyatane bisa nyawiji karo unsur-unsur tradhisi asli kang didayani dening agama Hindhu. Kayadene tradhisi slametan, lumrahe awujud gendurenan kang sajrone ana dzikir lan donga nganggo basa Arab.

b. Sistem Pangupajiwa

Sistem pangupajiwa arupa olah tetanen uga ndayani marang pangrembakane tradhisi slametan, mligine slametan sawah. Saliyane iku, masyarakat kang nduweni asiling olah tetanen arupa beras, nyatane ndayani marang anane slametan. Tegese, masyarakat ora kabotan nindakake slametan amarga beras kang dadi bahan utama sajrone slametan iku minangka asiling dhewe lan ora perlu tuku. Uba rampe sajrone slametan

bisa tinemu ing sakiwa tengene omah kayata lembayung, janganan, woh-wohan lan liya-liyane.

c. Aspek Geografi

Desa bediwetan wilayah sisih lor kulon wewatesan karo desa Bajang. Ing desa Bajang ana sawijine Pondhok Pesantren Salafiyah yaiku Chasanul Hidayah. Anane pondhok kasebut melu ndayani marang sakehe tradhisi kang ana ing desa Bediwetan. Unsur-unsur agama Islam sajrone tradhisi saya kenthel jalaran akeh warga desa Bediwetan kang ngangsu kawruh babagan agama ing pondhok Chasanul Hidayah. Saliyane babagan kawruh agama, babagan seni tradhisi uga didayani saka anane Pondhok Pesantren kasebut, kayata ing babagan olah swara lan musik. Seni tradhisi diba'iyah barzanji tuladhane, seni kasebut bisa diarani yen lumaku saka pondhok pesantren kasebut marang desa Bediwetan, tegese masyarakat desa Bediwetan ngaweruhi lan bisa diba'an saka pondhok kasebut.

2. Tradhisi Slametan Kelairan Bayi

Slametan yaiku sawijining upacara awujud gendurenan kang dilakoni dening wong kang nduwe hajat kanthi ngundang tangga teparo, nggunakake sawijining uba rampe lan tata laku miturut apa kang dadi hajate. Slametan dumadi saka tembung slamet lan oleh panambang -an, saengga bisa ditegesi nindakake samubarang supaya bisa slamet.

a. Jinise Slametan Kelairan Bayi

Tradhisi slametan kelairan bayi ing desa Bediwetan, kecamatan Bungkal, kabupaten Ponorogo, dumadi saka telung jinis, yaiku slametan brokohan, slametan sepasaran, lan slametan selapanan. Sejatine sawise slametan selapanan isih ana slametan-slametan liyane, kayata slametan tedhak siten lan mitoni, nanging ing panliten iki diwatesi mung teka slametan selapanan wae supaya asiling panliten ora lumer lan luwih tumata.

1) Slametan Brokohan

Slametan brokohan umume dileksanakake sawise si jabang bayi lair. Upama si jabang bayi lair ing wektu esuk, mula bengine dileksanani slametan brokohan. Tembung brokohan asale saka tembung basa arab yaiku *barokah*, tegese ngarepake sawijining barokah. Tembung barokah owah dadi barokahan, banjur owah dadi brokohan. Bab kasebut cundhuk karo katrangan kaya ing ngisor iki.

“Brokohan kuwi lak saka tembung barokah.

Wong iku yen nampa jabang bayi utawa keluargane ana sing nglairake, ateges dheweke iku oleh barokah saking ngarsaning Pangeran. Mula, banjur dianakake slametan barokahan iku mau. Owah dadi brokohan ya amarga saka ilate wong mbiyen, supaya luwih penake, dadine malih brokohan”. (Said, 13 Juni 2013)

Kulawarga kang nampa laire putra tegese kulawarga kasebut nampa amanah saka Gusti Pangeran. Amanah kasebut awujud si jabang bayi kang lair. Mula supaya bayi kasebut waras, sehat, lan ados saka bebaya, kulawargane ngleksanani utawa nindakake slametan

brokohan kasebut. Saliyane saka asiling wawancara kasebut, uga ana katrangan liya ngenani asale tembung brokohan. Sutrisno Sastro Utomo (2005:17) ngandharake yen tembung brokohan iku asale saka tembung brokoh, tegese yaiku tampah utawa nampun kang digawe saka nam-naman pring. Tampah iku minangka panggonane sesaji slametan ing jaman mbiyen.

2) Slametan Sepasaran

Slametan sepasaran asale saka tembung sepasar utawa limang dina sawise si jabang bayi lair. Sepasar ing etung-etungane wong Jawa dumadi saka Pon, Wage, Kliwon, Legi, lan Paing. Ing desa Bediwetan, slametan sepasaran ditindakake sawise si jabang bayi pupak pusere utawa pedhot pusere. Antarane slametan sepasaran lan slametan pupak puser didadekake siji.

“Sawise pupak pusere si jabang bayi, mula dianakake sepasaran bayi. Yen ing desa kene, umume kan ya diisi diba’an ngono kae, sing diba’an bocah-bocah enom, sing sepuh lungguh ngrungokake”. (Said, 13 Juni 2013)

Tradhisi slametan sepasaran bayi kalebu slametan kang paling gedhe lan rame tinimbang slametan brokohan lan slametan selapanan. Kadhang kala, ing slametan sepasaran bayi kasebut uga dibarengi kekahan kanthi shodaqoh mbeleh wedhus, wedhus loro kanggone bayi lanang lan wedhus siji kanggone bayi wadon. Umume sajrone slametan sepasaran kasebut uga diisi adicara diba’iyah barzanji, yaiku sholawat marang Nabi Muhammad kanthi dilagokake lan dibarengi alat musik tradhisional. Slametan sepasaran bayi uga wektu tumrape wong kang nduwe bayi kanggo nyiyarake utawa nggiyarake marang para undhangan babagan jenenge si jabang bayi.

3) Slametan Selapanan

Slametan selapanan bayi, dumadi saka tembung selapan, yaiku pitung sepasar utawa 35 dina. Slametan selapanan uga diarani slametan pagutan. Pagut tegese tumeka ing umur selapan dina (Poerwadarminta, 1939:1417). Slametan selapanan bayi ing Bediwetan umume kaya slametan salumrahe, yaiku awujud gendurenan lan ngundang tangga teparo sacukupe.

“Yen selapanan utawa pagutan iku peringatan selapan dina karo kelairan, tandhane ibu lepas saka nifas. Tegese wis nduweni kuwajiban nindakake ngibadah marang Gusti Allah kaya biasane”. (Said, 13 Juni 2013)

Selapanan bayi uga minangka tetenger yen ibu si jabang bayi iku wis lepas saka nifas, yaiku getih kang metu kang mbarengi laire si jabang bayi. Kanthi mangkono, yen ibune ngenut agama Islam, kuwajiban ibadah kayata sholat lan pasa kudu wis dileksanani maneh. Slametan selapanan bayi ing kene biasane dileksanakake kanthi prasaja, ora gedhen kaya dene slametan sepasaran bayi.

b. Kena Ngapa Masyarakat Nindakake TSKB?

Sekabehane slametan kelairan bayi iku ditindakake kanthi tanpa alasan. Ana bab-bab kang njalari saengga masyarakat Jawa nindakake slametan kelairan bayi.

1) Tradhisi Warisan

Sakabehe slametan kang ditindakake dening masyarakat Jawa iku isih ana gegayutane karo tradhisi kang digawa agama Hindhu ing jaman mbiyen. Tegese wong Jawa isih ngugemi adat lan tradhisi ing jaman mbiyen minangka sawijining warisan budaya religi kang kudu diuri-uri lan diugemi.

“Pemahaman kula, adat kebiasaan duk rikala jaman hindhu, lajeng jamane sunan kalijaga, tetep nglakoni tata cara adat hindhu, mung niate diislamake (i’tikade). Carane kanjeng Sunan Kalijaga anggane dakwah duk rikala jaman biyen yaiku ngleboni adat lan tradhisine wong Jawa. Ora meksa wong Jawa ninggalake adat lan tradhisi kang sadurunge dianut, nanging kanthi alon-alon ngleboni adat lan tradhisi kasebut kanthi unsur-unsur lan piwulangan babagan agama Islam”. (Ngadenan, 17 Juni 2013)

Masyarakat Jawa ing jaman mbiyen akeh kang ngenut agama Hindhu. Tumrape agama Hindhu, slametan utawa upacara kanthi sesaji iku mujudake sawijining tumindak ngibadah. Samubarang kang ana gegayutane karo siklus uripe manungsa, mujudake sawijining bab kang wigati, mula dianggep perlu anane upacara utawa slametan kanthi sajen-sajen tartamtu. Ing pungkasane krajan Majapahit lan ing wiwitane krajan Demak, bab kasebut wiwit ana owah-owahan.

Walisanga, minangka kumpulane ‘ulama kang nggiyarake agama Islam ing tanah Jawa mligine, kagolong dadi rong pamawas anggane ngadhepi masyarakat Jawa kang isih ngugemi agama Hindhu. Golongan *kapisan* yaiku golongan kang kepengin nggiyarake agama Islam kanthi teges, ora kecampur agama kang lawas, kudu Islam kang murni. Mula, golongan kasebut nganggep yen adat lan tradhisine wong Jawa kang isih diugemi saka agama sadurunge kudu ditinggalake lan ganti ngenut agama kang anyar, yaiku agama Islam. Golongan *kapindho* yaiku golongan kang kepengin nggiyarake agama Islam kanthi cara alus, tegese ngleboni adat kang diugemi masyarakat kanthi unsur-unsur Islam. Mula, kaya slametan-slametan kang sadurunge diugemi dening masyarakat iku tetep oleh dilakoni, nanging dileboni unsur-unsur Islam, kayata niyate marang Gusti Allah lan dongane kanthi cara Islam.

Warisan kasebut kang isih diugemi dening saperangan akeh masyarakat desa Bediwetan mligine, lan masyarakat Jawa umume. Bab kasebut salaras karo sawijining unen-unene masyarakat Jawa yaiku “*aja wani marang leluhur, jalaran leluhur iku kagolong bathara*” (Purwadi, 2009: 260). Leluhur mujudake golongan kang kudu dikormati lan dituladhani dening masyarakat Jawa, kalebu nindakake lan ngugemi apa kang diwarisake.

2) Karakter lan Sipate Masyarakat Jawa

Alasan kapindho kang njalari masyarakat Jawa nindakake tradhisi slametan kelairan bayi, yaiku sipat lan karaktere pawongan Jawa minangka individu lan kelompok kang nduweni daya cipta.

“Wong Jawa kuwi wiwit mbiyen nganti saiki pinter anggane ngreka-ngreka samubarang. Kayata nalikane kulawargane ana kang

nglairaake bayi, mangka wong Jawa, kaya ing desa kene, mesthi kudu nglakoni slametan, ya amarga kanggone wong Jawa iku, laire bayi iku mujudake sawijining kanugrahan saking Pengeran, mulane wong Jawa iku ngreka-ngreka anane slametan iku ya mung kanggo nuduhake rasa bungahe nduweni bayi, rasa maturnuwune maring Gusti dene wis menehi dalan kang lancar marang si jabang bayi kuwi”.

“Ya ngono iku wong Jawa, seneng ngreka-ngreka, uthak-athik mathuk, uthak-athik gathuk neng kabehe samubarang, ora mung neng slametane bayi”. (Tuminah, 11 juni 2013)

Adhedhasar katrangan Mbah Tuminah ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pawongan Jawa iku nengenake babagan olahing daya cipta. Daya cipta utawa *kreatifitas* kang diduweni dening saben-saben pawongan, nyatane digunakake dening pawongan Jawa ing babagan anggayuh sesambungan marang ngalam lan sesambungan marang Gusti. Wong Jawa, wiwit mbiyen nganti saiki wis misuwur kanthi sesebutan “*uthak-athik mathuk, uthak athik gathuk*”. Sesebutan kasebut dudu tanpa alasan yen dideleng saka sakehing *produk kreatifitas*-e pawongan Jawa ing babagan kabudayan, mligine ing babagan adat lan tradhisi.

Sajrone slametan kelairan bayi ana sawernane sesaji. Anane sesaji iku uga mujudake asil olah daya ciptaning masyarakat Jawa. Sesaji-sesaji sajrone slametan minangka perlambang utawa simbol saka olah pamikire wong Jawa. Olah pikir kasebut mujudake sistem pamikiran wong Jawa kang diwujudake marang panganan sesaji ing slametan, kayata buceng, iwel-iwel, jenang, lan sapanunggalane. Sistem pamikire wong Jawa kang diwujudake marang sesaji (*simbolisasi*) kasebut uga mujudake karakteristik masyarakat Jawa. Kanthi wujud sesaji utawa simbol-simbol kasebut, wong Jawa nduweni pangarep-arep supaya simbol kasebut minangka sawijining sarana kanggo cecaturan lan sesambungan antarane manungsa marang ngalam donya, manungsa marang manungsa liyane, lan manungsa marang Gustine.

3) Slametan minangka Ngibadah

Alasan katelu kang njalari masyarakat Jawa nindakake slametan kelairan bayi yaiku nganggep yen slametan iku minangka sawijing tindakan kang kalebu ngibadah, utamanipun kanggo masyarakat kang ngenut agama Islam. Kaya andharan ing ngisor iki.

“Slametan kuwi sejatine kan ya kalebu ngibadah, kanthi shodaqoh marang tangga teparo, menehi shodaqoh nyang undangan lan tangga teparo, banjur bebarengan ndonga muji marang pangeran. Iku kabeh sejatine ya kalebu ngibadah. Dzikir lan ngucapake kalimah-kalimah thaiyyibah, banjur ndonga. Iku kalebu ngibadah”. (Ngadenan, 17 Juni 2013)

Ngibadah iku sejatine ora mung tetumindakan kang asipat sesambungane manungsa marang Gustine (*vertikal*), nanging uga kang asipat sesambungane

manungsa marang manungsa liyane lan ngalam sakupenge (*horizontal*). Isih kalebu wong kang ala yen ngibadah marang Gustine iku mepeng, nanging nyatane sesambungane karo tangga teparone iku ora apik. Mula, ngibadah kudu ditindakake kanthi salaras lan seimbang antarane sesambungan kang asipat *vertikal* lan kang asipat *horizontal*.

Tumrape masyarakat Jawa utawa masyarakat Jawa kang ngenut agama Islam, sekabehane slametan, kalebu slametan kelairan bayi iku dianggep minangka sawijining ngibadah. Slametan nyatane minangka sarana pasrawungan antarane wong kang nduwe hajat (*shohibul bait*) lan para undhangan sarta antarane undhangan siji lan sijine. Kanthi pasrawungan kasebut mula bakal njalari wujud masyarakat kang ayem lan tentrem.

3. Wujud Uba Rampe, Tata Laku, lan Maknane

TSKB minangka salah sawijine adat tradhisi kang turun tumurun dilakoni ing desa Bediwetan mligine lan masyarakat Jawa umume. TSKB ing panliten iki dionceki lan digayutake miturut filsafat Jawa. Supaya luwih cethane mula sajrone TSKB diperang dadi loro, yaiku wujud uba rampe lan tata lakune.

a. Uba Rampe sajrone Tradhisi Slametan Kelairan Bayi

Sajrone slametan iku ana sawernane sesaji utawa uba rampe kang disiyapake nalikane slametan. Andharane kaya ing ngisor iki.

1) Buceng Lanang

Buceng lanang iku buceng kang awujud lancip. Saben ana slametan apa wae, umume buceng lanang utawa buceng kuwat minangka uba rampe utawa sesaji kang mesthi ana.

“Buceng lanang iku ya sega biasa ngono kae, bar didang trus dibentuk buceng, biasane nganggo kukusan leh nyithak. Kukusane dilemeki plastik ben ora kelet. Bucenge banjur diwadahi lesir. sapinggire buceng kasebut diwenehi kulupan krawu utawa urap.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Anggone mangun supaya lancip iku biyasane nganggo kukusan kang wujud lancip, banjur njerone dileboni beras kang wis didang mau. Supaya ora kelet ing kukusan, sadurunge dileboni beras kang wis didang, kukusan mau diblonyohi banyu utawa lenga goreng sithik saengga sawise kukusane dicepot, beras kang wis didang iku ora kelet.

2) Buceng Wadon

Buceng wadon utawa sega brok iku awujud buceng, nanging ora lancip kaya buceng lanang. Umume, buceng wadon iku mengko jodhone karo ingkung kang diselehake ing ndhuwure buceng wadon.

“Yen buceng wadon iku ana sing ngarani sega brok, nggawene ya saka sega biasa, diwadahi lesir nanging wujud ora lancip kaya buceng lanang. Mengko ndhuwure biasane diwenehi ingkung.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Buceng wadon anggone nggawe kaya dene buceng lanang ing ndhuwur, saka beras kang diolahi engga mateng banjur diwangun setengah bunderan. Ing desa Bediwetan, buceng wadon iku digawe rada gedhe amarga diselarasake karo cacahé undhangan slametan, mula biyasane wadhahé bisa tampah utawa lesir kang gedhe lan dilemeki nganggo godhong gedhang.

3) Jenang Abang lan Jenang Putih

Jenang abang lan jenang putih kerep uga diarani jenang sengkala. Jenang abang digawe saka ketan abang kang diolahi lan dibumboni. Sawise mateng banjur diwadhahi lepek utawa piring. Nanging ana uga kang nggawe jenang abang iku saka sega biyasa kang didang lan dicampuri gula abang saengga ketara abang lan legi banjur diwadhahi.

“Jenang abang ya saka ketan abang utawa ketan putih ananging dicampur gula klapa abang. Yen jenang putih ya saka beras ketan putih sing diolah. Nanging ana uga kang ketane diselep dhisik. Biasane engko ditambahi santen lan juruh.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Jenang putih iku digawe saka ketan putih kang diolahi lan dibumboni uyah, gula, lan bawang sacukupe, banjur didang kaya adate. Sawise mateng banjur diwadhahi lepek utawa piring gumantung kang nduwe gawe. Saliyane iku ana uga kang nggawe jenang putih iku saka beras biyasa lan dibumboni lan dimasak nganti mateng banjur diwadhahi.

4) Inkgung

Inkgung yaiku pitik kang dibeleh, diolahi lan dimasak banjur dienggo sajen sajrone slametan. Lumrahe, pitik kang dipilih kanggo sajen ing slametan yaiku pitik jago kang wis patut. Patut ing kene tegese pitik kang dipilih iku wis dianggep pantes, ora cilik-cilik nemen, lan sekirane cukup yen mengkone dibagi marang para undhangan.

“Inkgung kuwi iwak pitik sing diolahi janganan kuning. Luwih apik yen pitik jago. Nanging sejatine ora ana paugerane. Pitik lanang utawa pitik babon ya oleh, gumantung isane sing nduwe hajat. Sing penting wis patut kanggo slametan.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Pitik kang dianggo sajen ing slametan iku sejatine bisa pitik lanang utawa pitik wadon, gumantung kahanan kulawarga kang nduweni hajat. Ning, lumrahe yen kanggo sajen iku pitik jago. Ing slametan, umume inkgung iku disajekake bareng buceng wadon utawa sega brok.

5) Lawuhan

Lawuhan yaiku sawernane lawuh kanggo panjangkepe uba rampe slametan. Kanthi anane lawuh, mula sekabehane sesaji mau bisa dipangan. Lawuh sajrone slametan brokohan lan slametan liyane iku ora

ana paugeran kang trep, saengga lawuh kang kudu ana ing slametan iku bisa maneka warna.

“Lawuh lan janganan, ya kaya biasane mbokmu masak. Ora ana paugerane ngenani lawuh lan janganan kuwi. Ya pokokeya kaya lawuh lan janganan sing saben dina diolahi saka tanduran kiwa tengen omah.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Lawuh kang cumawis ing slametan ing desa Bediwetan lumrahe mujudake lawuh-lawuh kang saben dinane dimasak ing saben omah lan saben kulawarga. Bahan kanggo olahane lawuh iku uga sawernane bahan kang tinemu ing saben dinane kayata tahu, tempe, kenthang, mie, lan sapanunggalane. Wernane lawuh kasebut bisa arupa olahan garing kayata sambel goreng, kering, sronheng, urap, lan liya-liyane. Saliyane iku uga bisa arupa olahan kang nganggo duduh kayata janganan.

6) Iwel-Iwel

Iwel-iwel yaiku sawijine panganan kang digawe saka beras ketan putih kang diselep, didang, lan diwenahi gula abang.

“Iwel-iwel kuwi digawe saka ketan putih, dikum, diselep, ning ora nganti lembut, rada kasar. Diulet banyu karo parutan klapa sing isih enom, ditambahi uyah, njur dibuntel. Sajane tau krungu yen iwel-iwel iku ana sing iwel-iwel lanang lan iwel-iwel wadon, nanging neng desa kene ya mung siji, iwel-iwel kaya biyasane kuwi.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Saka asiling observasi, jinising iwel-iwel iku bisa digolongake dadi loro, yaiku iwel-iwel lanang lan iwel-iwel wadon. Kang sinebut iwel-iwel lanang yaiku iwel-iwel kang wujud anggone mbuntel lancip lan diwenahi gula abang ing sajrone buntelan mau, dene kang diarani iwel-iwel wadon yaiku iwel-iwel kang wujud anggone mbuntel ora lancip utawa papak lan sajrone buntelan ora dicampur gula abang.

7) Geneman Neptu

Uba rampe liyane ing slametan sepasaran bayi kang ora ana ing slametan brokohan yaiku geneman neptu. Paugerane, geneman neptu kasebut diselarasake karo neptune si jabang bayi kang lair.

“Geneman neptu kuwi isine ya kaya geneman gawe lawuh ngono kae. Parutan klapa enom dibumboni dicampur karo tempe, jerowan, apa lamtoro, apa liyane ya ora papa. Cacahé geneman kuwi dipadhakne karo neptune si bayi. Disajekake neng pinggirane buceng wadon.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Tuladhane, yen neptune si jabang bayi sepuluh, mula genemane neptu cacahé uga sepuluh. Nanging, antarane sepuluh iku, salah sijine arupa geneman kang ora ana isine utawa kosong. Geneman neptu iku isine lumrahe parutan klapa enom kang dibumboni lan dicampur bahan liyane. Anggone nyajekake ing slametan, lumrahe geneman neptu iku diseleh ing pinggire buceng wadon.

8) Jajanan Pasar

Jajanan pasar yaiku awujud sawernane jajan saka pasar tradhisional. Diarani jajana pasar amarga jajanan kasebut akeh-akehe tinemu ing pasar, mligine pasar tradhisional.

“Jajanan pasar kuwi ya pokoke sawernane jajan sing asale saka pasar. Sajane iku mung aran wae. Najan ora tuku neng pasar, kadhang ya isa nggawe dhewe neng ngomah. Jajanan pasar ya kayata sing saka woh-wohan, saka buntelan godhong, ya ana sing dibuntel plastik.” (Tuminah, 11 Juni 2013)

Jajanan pasar, adhedhasar asale diperang dadi loro, yaiku kang asale saka woh-wohan lan kang asale saka olahan. Jajanan pasar kang asale saka woh-wohan tuladhane kayata pelem, jeruk, gedhang, lan sapanunggalane. Dene jajanan pasar kang asale saka olahan, adhedhasar buntele diperang dadi loro, yaiku jajanan pasar kang dibuntel godhong lan kang dibuntel plastik. Jajanan kang dibuntel gegodhongan kayata jongkong, nagasari, arem-arem utawa lempur, mendut, lan sapiturute. Dene jajanan kang dibuntel plastik kayata donat, klepon, cenil, cucur, lan liya-liyane.

b. Tata Laku ing Tradhisi Slametan Kelairan Bayi

1) Slametan Brokohan

Sadurunge mancik ing slametan brokohan, nalikane lair si jabang bayi, mula tata tumindak kang kudu dilakoni yaiku ngrumat si batur bayi utawa ari-ari. Ari-ari kerep diarani batur bayi.

“Batur bayi kuwi nalikane wis metu banjur dikumbah resik nganggo banyu kang suci, banjur dibuntel kain mori, dilebokne kendhil, diwenahi uyah lan tulisan kalimat Pengeran utawa Syahadat, banjur diadzani lan diiqomati, dipendhem ing ngarep omah utawa ngemper omah. Lamun bayine wedok ana kiwane omah, lamun bayine lanang ana kanane omah, banjur diwenahi kembang boreh sandhuwure pendheman lan diwenahi dimar utawa lampu sajroning selapan dina. Bisa uga ditambahi dom bolah ing sandhuwure, tegese supay si bayi bisa lantip lan cerdas atine.” (Said, 13 Juni 2013)

Sawise rampung anggone ngrumat ari-ari utawa batur bayi, mula banjur mancik ing tata tumindake nalikane slametan brokohan. Slametan brokohan ing desa Bediwetan kalebu slametan kang prasaja, tegese slametan sacukupe kanthi ngundang tangga teparo, banjur gendurenan. Sawise para undhangan wis teka, mula sakabehe uba rampe dicawisake ing ngarepe para undhangan.

“Jenenge slametan brokohan kuwi ya kaya slametan kaya umume kae. Yen bayine wis lair, umume bengine ngono lagek slametan gendurenan.”

“Lek neng desa kene ya sing slametan wong lanang, yen wong wedok ya mung nyertakne ae, biasane ya tangga teparo karo dulur-dulure.”

“Jagong bayi ya kuwi sabubare lairan, umume para tangga teparo, nom tuwa,

lanang wedok, padha mara. Nanging yen carane kene, jagonge wong lanang kuwi lak diatur, dadi ben ora tumplek bek mung sawengi.” (Said, 13 Juni 2013)

Slametan brokohan sejatine beda panggon uga beda tata carane. Ing panggonan liya, slametan brokohan iku kang nekani utawa ngleksanani yaiku wong wadon, mligine para ibu. Nanging yen ing desa Bediwetan, slametan brokohan lumrahe kang ngleksanani yaiku wong lanang.

2) Slametan Sepasaran

Slametan sepasaran bayi kalebu slametan kang paling gedhe tinimbang slametan brokohan apadene slametan selapanan. Ing desa Bediwetan, slametan sepasaran umume digabung karo slametan pupak pusere. Sajrone slametan sepasaran ana adicara *diba'an* utawa *diba'iyah barzanji*, tradhisi nyukur rambute si jabang bayi, kekahan, sarta gendurenan. Undhangan umume kalebu akeh, yaiku sawetara satus undhangan.

“Sawise pupak pusere si jabang bayi, mula dianakake sepasaran bayi. Yen ing desa kene, umume kan ya diisi diba'an ngono kae, sing diba'an bocah-bocah enom, sing sepuh lungguh ngrungokake. Dene ngko yen pas srokalan, bayine digendhong bapake, trus diubengne ing para undangan, trus dipotong saperangan rambute, dideleh kambil gadhing. Cedhake kambil gadhing, ana dimare. Yen uwis lagek gendurenankaya biasane.” (Said, 13 Juni 2013)

Sajrone slametan sepasaran, tumrape kulawarga kang wis bisa, slametan kasebut digabung karo kekahan. Mula, wiwit esuk, saperangan tangga teparo mlumpuk saperlu gotong royong mbeleh wedhus utawa wedhus. Dene para ibu-ibu padha rewang kanggo ngolahi lan cawis dhaharan kanggo para undhangan. Daging wedhus kang dibeleh kasebut dibagekake marang undhangan awujud dhaharan ing slametan sepasaran bayi.

3) Slametan Selapanan

Tata laku sajrone slametan selapanan bayi iku sejatine saemper karo slametan brokohan, yaiku gendurenan biyasa kang prasaja kanthi ngundang tangga teparo kang lanang sacukupe. Slametan selapanan umume dileksanakake sawise sholat maghrib.

c. Makna Uba Rampe lan Tata Laku

Makna sajrone uba rampe lan tata laku sajrone slametan kelairan bayi iku gegayutan karo olah pamikiran masyarakat Jawa utawa filsafat Jawa. Sistem pamikiran pawongan Jawa kasebut luwih nengenake babagan olahing rasa kang tujuwane yaiku kanggo nggayuh kautamaning ngaurip.

1) Makna Uba Rampe

a) Buceng

Sekabehe slametan iku mesthi ana bucenge. Buceng iku bisa ditegesi minangka sawijining pitutur yen manungsa iku kudu kerep nyebut kang kenceng. Nyebut ing kene tegese eling lan dzikir marang Gusti Pangeran.

Anggone nyebut kudu tetep kenceng, tegese *istiqomah* utawa ora gothang.

“Sawernane slametan iku mesthi ana bucenge, buceng iku nduweni teges minangka pepeling marang manungsa kabeh supaya nyebut sing kenceng. Nyebut iku tegese dzikir utawa eling marang Gusti Pangeran. Sing kenceng tegese ya aja nganti pedhot, aja nganti kendho.” (Said, 13 Juni 2013)

Manungsa minangka titahing Pangeran kudu ngaweruhi papan lan panggonane minangka sawijining titah kang kudu manut lan ngabdi marang Pangerane. Ana sawijine unen-unen Jawa “*ketemu Gusti iku lamun sira tansah eling*” (Yana, 2010: 78). Mula, eling utawa dzikir marang Gusti iku mujudake saijine cara kanggo ketemu marang Gustine. Ketemu ing kene dudu ateges ketemu mripat padhane mripat, nanging ketemu ing teges hakikate, yaiku manungsa ngrasakake tekaning Gusti ing atine.

Buceng iku digolongake awujud buceng lanang lan wadon. Bab kasebut minangka simbol utawa perlambang yen ing donya iku sekabehane diciptakake dening Gusti Pangeran kanthi pepasangan. Pepasangan iku bisa uga diarani kosok balene. Lanang lan wadon, urip lan mati, awan lan wengi, cilik lan gedhe. Sekabehane iku minangka pepasangan uga kosok balene. Bab kasebut menahi sawijining dudutan yen Gusti Pangeran iku nyiptakake samubarang kanthi jangkep lan kanthi adhil.

“Buceng iku kaperang dadi loro, ana lanang ana wadon, kuwi ngono gegambaraning samubarang ing ngalam donya iku ana kosok walene, ana pasangane. Ana langit ana bumi, ana pait ana legi. Buceng lanang luwih dhuwur wujud tinimbang buceng wadon, gegambaran kodrate wanita sangisore priya.” (Said, 13 Juni 2013)

Yen dideleng saka wujud, buceng lanang iku wujud luwih dhuwur tinimbang buceng wadon. Iku minangka simbol yen wong lanang nduweni kalungguhan lan tanggung jawab kang luwih dhuwur tinimbang wong wadon. Bab iki ora ateges luwih ngasorake drajade wong wadon, ning yen dibalikake marang kodrat, mula kaya ngono mau kahanane. Kayata ing bale wisma, wong lanang wis kanthi langsung minangka kepala ing sesomahane, ateges nduweni tanggung jawab kang luwih gedhe mligine marang bale wismane. Saka kakuwatan *fisik-e*, wong lanang uga luwih prakosa tinimbang wong wadon saengga luwih dianggep dhuwur kalungguhane.

Wujud buceng lanang yaiku ing sisih ngisor gedhe ning saya mendhuwur saya lincip lan ing sakupenge diwenahi urap lan lawuh-lawuhan. Bab kasebut uga ngemu makna filosofi kang luhur gegayutane karo olah pamikiran masyarakat Jawa kang disimbolake kanthi wujuding buceng kang kaya mangkono. Kaya andharane Mbah Said ing ngisor iki.

“Buceng iku wujud lincip, saka ngisor gedhe, ning saya mendhuwur saya cilik utawa saya sethithik, iku ngono minangka gegambarane

urip. Wong ing ngalam donya iku saya dhuwur utawa saya pinter tegese saya mendhuwur digambarake kaya buceng kuwi, cacahé saya sethithik. Buceng bisa uga ditegesi minangka pangarep-areping manungsa, wujudé jejeg mendhuwur, tegese supaya atine utawa manahé manungsa kuwi bisa jejeg, bisa lurus marang Gusti Allah. Arahe mendhuwur tegese Gusti Pangeran kuwi luwih dhuwur tinimbang manungsa, dudu ateges Gusti Pangeran iku manggone ing nduwur.” (Said, 13 Juni 2013)

Wujud wangunane buceng lanang kasebut nduweni teges yen buceng iku minangka gegambaraning urip ing ngalam donya. Sakehing manungsa ing ngalam donya iki digambarake ing wujud wewangunane buceng kasebut, yaiku wong kang pinter, lantip, cerdas iku yen dimodhel tingkatan, saya pinter cacahé saya sithik. Kaya wewangunane buceng kang saya mendhuwur saya lincip. Wujud wewangunane buceng kang jejeg mendhuwur iku minangka simbol yen Gusti iku drajate luwih dhuwur tinimbang manungsa, dudu ateges yen Gusti iku manggone ing ndhuwur utawa ing langit. Mula wujud lincipé buceng iku uga minangka gambaran yen wong kang temen-temen cedhak karo Gusti iku mung sithik, manut tingkatane. Yen tingkatane saya mendhuwur, tegese manungsa kang cedhak karo Gusti iku cacahé saya sethithik. Manungsa kang kepengin luwih cedhak karo Gustine, mula kudu ngliwati tingkatan-tingkatan kang saya mendhuwur iku saya abot lan angel.

Buceng anggone nyawisake ing slametan mesti diubengi dening urap-urapan lan lawuh-lawuhan. Urap lan lawuh-lawuhan iku asale saka tanduran ing sakupenge omah, minangka tanduran kang asale saka lemah, minangka tanduran lan kewan kang urip ing bumi. Mula, anane urap lan lawuh ing sakupenge buceng mujudake gegambaran simbolis, yaiku sesambungan kang asipat *horizontal*. Yen wujudé buceng lincip mendhuwur mujudake sesambungan *vertikal* karo Gusti, sesambungan *horizontal* tegese minangka sesambungan karo sepadhane titahing Gusti, yaiku manungsa dhewe lan tetuwuhan sarta kewan ing ngalam donya. Sesambungan *horizontal* uga bisa ditegesi minangka sesambungan manungsa karo ngalam sakupenge, kayata samudra, lemah, gunung, alas, lan sapiturute. Pamikiran masyarakat Jawa kasebut cundhuk karo unen-unen Jawa yaiku “*memayu hayuning bawana*”. Hanjaga lestarining ngalam lan katentremaning kauripan ing ngalam donya.

b) Jenang Abang lan Jenang Putih

Jenang abang jenang putih kerep uga diarani jenang sengkala. Jenang abang lan jenang putih mujudake sawijining simbolis kang ngemu pepeling lan gegambaraning asale manungsa saengga minangka uba rampene ing slametan kelairan bayi. Jenang abang lan jenang putih uga mujudake pengarep-arep didohake saka sakehe bebaya lan sengkala.

“Jenang abang jenang putih sing biasane uga sinebut jenang sengkala kuwi mujudake pangeling-eling lan gegambaran yen manungsa mbiyen kuwi asale saka warna abang lan putih,

werna putih saka bapak, dene werna abang saka ibuk. Supaya didohne saka mala bebaya lan sengkala mula diarani jenang sengkala.” (Said, 13 Juni 2013)

Jenang abang minangka simbol utawa gegambaran saka biyung. Digambarake abang amarga werna abang sesulih saka biyung. Nalikane senggama, mula bakal nyawijekake antarane unsur *sperma* utawa mani lan unsur getih saka biyung. Getih minangka gegambaran saka kasucening biyung nalika kawitane senggama karo bapa. Mula, jenang putih mujudake gegambarane bapa. Manunggale kekarone mula dadi asale si jabang bayi ing kandhutane biyung, banjur kang lair awujud jabang bayi lan sateruse saengga ngancik diwasa.

Saka anane uba rampe awujud jenang abang lan jenang putih sajrone slametan kelairan bayi, masyarakat Jawa menahi sawijing pepeling marang liyan ngenani asal usuling manungsa. Saliyane iku, anane jenang abang lan jenang putih ing slametan kelairan bayi kanthi simbolis menahi sawijining piwulang ngenani luhure bapa biyung. Masyarakat Jawa, mligine masyarakat kang nglakoni slametan dielingake ngenani kalungguhane bapa biyung. Manungsa kang asale digambarake kanthi jenang abang lan jenang putih, dikarepake luwih ngajeni marang bapa biyung. Utamane marang biyung kang sangang sasi ngandhut kanthi sabar saengga tumekane laire si jabang bayi.

e) **Ingkung**

Ingkung yaiku sajen sajrone slametan kang asale saka pitik. Ingkung uga ngemu sawijining piwulang kang sumirat. Iwak pitik tumrape masyarakat mbiyen mujudake samubarang kang nduweni aji dhuwur, tegese ora saben dina masyarakat Jawa iku bisa ngrasakake iwak pitik.

Ingkung kanggo sajen ing slametan, umume saka pitik jago kang wis pantes, tegese ora cilik-cilik nemen lan ketara cukup yen kanggo para undhangan sajrone slametan. Yen dideleng maneh kanthi tliti, pitik jago iku senengane medok, tegese pitik wedok kang ditemoni mesthi dicedhaki banjur pungkasane dikawini. Saliyane iku, pitik jago nduweni jalu saengga asipat gumedhe lan seneng tarung karo pitik liyane. Sipat-sipat ala kasebut minangka sipat kang diduweni dening jago, dene pitik jago kalebu kewan kang ora nduweni akal lan pikiran. Kanthi anane ingkung kang asale saka pitik jago iku, masyarakat Jawa nggawa sawijing pesen pitutur marang manungsa kabeh.

Kapisan, manungsa kudu sadhar lan weruh sarta mahami yen sakehing makhluk kang nduweni nyawa iku bakale mati. Sagumedhe-gumedhene pitik jago nalikane urip, bakale uga nemoni pati. Sabanjure, yen wis mati, nyatane ora bisa tumindak apa-apa kaya ingkung kang saiki dadi sajen ing slametan iki. Pitutur luhur kasebut minangka pepeling tumrape manungsa yen mati iku mesthi. Sakuwat-kuwate wong nalikane urip, yen wis mati ora bisa apa-apa. Mula manungsa kudu eling marang pati saengga ora dadi manungsa kang gumedhe kaya dene sipate si pitik jago.

“ Ingkung kuwi asale saka pitik jago, kang

nduweni sipat gumedhe, seneng tarung, seneng nyedhaki pitik wedok lan gonta ganti sing dicedhaki. Sipat-sipat ala kasebut pungkasane muspra nalikane wis dibeleh lan dadi sesaji. kuwi sajane uga dadi pepeling lan gegambaran, saala-alane sipate manungsa, yen wis katekan pati wis ora bisa ngapa-ngapa. Eling pati iku wigati supaya tumindake ngati-ati.” (Said, 13 Juni 2013)

Eling marang pati, nyatane minangka sipat lan tumindak kang becik. Kanthi eling marang pati, manungsa bakal tetep tumindak manut paugeraning Gusti. Wong kang eling marang pati, bakal tumindak ngati-ati. Pati iku kalebu babagan kang mesthi, nanging ora ana kang ngerti kapan tekane. Mula, kanthi eling pati, manungsa bakal eling marang Gusti, eling sangkan paraning dumadi, eling yen ing donya iki mung sawetara.

Kapindho, kaya andharan ing pethikan wawancara ing ndhuwur, anane ingkung kang asale saka pitik jago iku minangka pitutur luhur saka masyarakat Jawa kang awujud simbolis, yaiku supaya manungsa ora niru lan nuladhani sipat-sipat alane pitik jago. Sipat ala kayata medok, gumedhe, pamer pikuwatan kanthi tarung, buwang rereged sapanggon-panggon, lan liyane iku ora pantes tiniru. Saliyane iku, pitik jago kalebu jinise kewan kang ora nduwe akal lan pikiran, mung nduweni insting. Mula, tumrape manungsa kang nduweni akal lan pikiran, prayogane ora niru lan nuladhani sipat-sipat alane pitik jago.

d) **Lawuhan**

Sakehe lawuh-lawuhan kang ana sajrone slametan kelairan bayi iku minangka uba rampe panjangkep. Panjangkep tegese lawuh-lawuhan kasebut nduweni fungsi njangkepi uba rampe liyane, utamane uba rampe saka sega supaya bisa dipangan.

“ Kabeh iku mau minangka panjangkep wae, lawuh asil saka ngalam sakupeng, minangka wujuding syukur kanthi olah-olah asiling bumi. Manungsa bisa urip uga krana bahan-bahan kang sumadya ing ngalam donya, ing kiwa tengene kita.” (Said, 13 Juni 2013)

Saliyane minangka panjangkeping uba rampe liyane, lawuh-lawuhan kang arupa urap, jangan, sambel goreng, sronheng, kering, lan liya-liyane iku mujudake simbol saka rasa syukure masyarakat Jawa marang Gusti. Rasa syukur iku diwujudake kanthi uba rampe kang asale saka ngalam donya utawa sakiwa tengene manungsa. Lemah kang gumelar ing jagad raya uga bisa nuwuhake sawernane tetanduran ijo kang uga kanggo kabutuhane manungsa. Mula, kanthi uba rampe lawuh-lawuhan kang ana ing slametan kelairan bayi, masyarakat Jawa menahi gegambaran lan pepeling marang manungsa ngenani kaskayaning ngalam kang wis kudune di syukuri. Gusti Pangeran menahi kaskayaning ngalam lan bisa digunakake dening para manungsa tanpa kudu mbayar marang Gusti. Saliyane iku uga pepeling yen manungsa kudu hanjaga lan nglestarekake ngalam donya lan saisineiki, kalebu *ekosistem*-e ngalam.

e) **Iwel-iwel**

Iwel-iwel minangka uba rampe kang khas saka slametan kelairan bayi. Tegese uba rampe iku ora tinemu ing slametan liyane kayata slametan sawah apadene slametan wong mati. Aran iwel-iwel iku dumadi saka tembung arab “waliwaa lidayya” kang tegese ngabekti marang wong tuwa sakloron.

“Iwel-iwel iku dumadi saka tembung Waliwaa lidayya, tegese ngabekti marang wong tuwa loro. Kanthi anane iwel-iwel iku mula nduweni pangarep-arep supaya putra kang lair bisa dadi putra kang ngabekti marang bapa biyunge. Iwel-iwel iku digawe saka ketan, parutan klapa, lan diwenahi jenang abang neng tengaehe, iku uga gegambarane asale manungsa saka bapa lan biyung.” (Said, 13 Juni 2013)

Simbol iwel-iwel sajrone slametan kelairan bayi iku ngemu pangarep-arep saka masyarakat Jawa marang putra kang nembe lair. Pangarep-arep kasebut arupa kepinginan supaya putra kang nembe lair iku bisa dadi putra kang ngabekti marang wong tuwa loro. Pepenginan iku mujudake pepenginan kang prasaja saka wong tuwa, ora neka-neka, mung ngarepake sang putra bisa ngabekti marang dheweke. Mula kudu dieling-eling maneh sawijine unen-unen yaiku “*Surga di Bawah Telapak Kaki Ibu*”. Wis dadi kuwajiban saka putra kanggo ngabekti marang wong tuwa lan piwalese yaiku suwarga. Ning suwalike, yen durhaka marang wong tuwa, mligine marang ibu, tamtune piwalese wis nyata yaiku neraka.

f) Geneman Neptu

Geneman neptu minangka simbol saka wektu laire si jabang bayi, dietung saka cacah dina lan pasarane. Neptu miturut Suwarni (2011:35) yaiku saben unsur wektu kang nduweni nilai. Mula, dina lan pasarane si jabang bayi iku mujudake samubarang kang wigati.

Geneman kang cacahé manut neptune, kuwi nduweni teges supaya wektu laire bayi kuwi bisa dieling-eling. Kanggone wong Jawa, babagan wektu iku dadi bab kang wigati banget, mula awake dhewe ora oleh nyepelake perkara wektu kasebut.” (Said, 13 Juni 2013)

Masyarakat Jawa menahi kawigaten kang akeh marang babagan wektu. Wektu kang gandhengane karo papan panggonan, tumrape wong Jawa ora ana kang kosong, tegese ana saijining kekuwatan kang nguwasani wektu lan papan panggonan. Cundhuk karo andharane Cassirer (sajrone Suwarni, 2011:11) yen papan panggonan lan wektu minangka wadhah saka sakehe kanyatan kang diadhepi manungsa. Manungsa ora bakal mangerteni samubarang kang nyata yen ora ndelehake ing wadhah papan panggonan lan wektu. Mula, sajrone slametan kelairan bayi, masyarakat Jawa menahi kawigaten mligine ing babagan wektu lumantar neptune si jabang bayi.

g) Jajan Pasar

Jajanan pasar kang ana ing slametan selapanan bayi nduweni teges yen masyarakat Jawa menahi kawigaten marang si jabang bayi kang wus ngancik umur 35 dina, yaiku kanthi sesajen jajanan pasar. Iku nduweni

maksud menahi samubarang kang lumrahe disenengi dening bocah cilik utawa bayi, yaiku jajan. Senajan yen dinalar, ora mungkin yen jajanan pasar iku dipangan dening bayi umur 35 dina. Nanging, bab kasebut minangka laku simbolise masyarakat Jawa marang si jabang bayi, yaiku menahi samubarang kang dadi senengane.

“Jajanan pasar kuwi nduweni rong teges. Kapisan yakuwi menahi kawigaten mring jabang bayi kanthi nyajeni jajan. Jajan kuwi lak simbol saka karemenane bocah cilik. Kapindho, pepeling marang kita wigatine pasar. Pasar kuwi penting banget kanggone wong Jawa, kabeh samubarang lan kebutuhan punjere ing pasar, dol tinuku, srawung, nganti barang kang ala punjere ing pasar. Iku pepeling wae.” (Said, 13 Juni 2013)

Kanthi jajan kasebut, masyarakat Jawa menahi gambaran awèh kawigaten marang si jabang bayi. Saliyane iku, kanthi anane jajanan pasar iku masyarakat Jawa nyoba menahi pancingan supaya si jabang bayi enggal gedhe, yen wis gedhe mula bakal diwenahi jajanjajan liyane kang luwèh akeh. Pancingan iku mujudake laku pangarep-arep marang si jabang bayi supaya enggal gedhe, senajan yen dinalar durung mlebu ing akal, nanging bab kasebut minangka simbolise pangarep-arepe wong Jawa.

Pasar yen miturut Poerwadarminta (1939:1474) yaiku papan kang dianggo dol tinuku, yen dideleng lan dijilmeti, nyatane ing pasar iku ora mung ana tumindakan kang becik wae. Sajrone pasar uga ana kang tumindak ala, kayata kang nyopet darbeke liyan, wong dagang kang ngalangi ukurane timbangan, wong dagang kang dagang barang kang ala, wong tuku kang nganggo dhuwit kang ora becik lan ora asli, lan sapiturute. Mula, anane jajanan pasar sajrone slametan selapanan bayi mujudake pepeling marang masyarakat Jawa dhewe supaya nggunakake pasar iku kanthi becik, ora nggunakake pasar kanggo tumindak ala.

2) Makna Tata Laku

Sakabehane tata laku utawa samubarang kang ditindakake sajrone slametan kelairan bayi iku nduweni makna utawa teges. Makna utawa teges kasebut yen digayutake karo olah pikire masyarakat Jawa mujudake sawijining piwulang lan pituladhan kang becik sajrone panguripane manungsa.

a) Mendhem Ari-Ari

Ari-ari minangka bature bayi kang ngiringi laire si bayi. Mula, ari-ari kudu dirumat kanthi cara kang becik. Ari-ari ora bisa urip kaya dene si jabang bayi, mula kudu dipendhem ing lemah. Dipendhem ing lemah nduweni teges yen manungsa iku, kalebu ari-ari, asale saka lemah. Nabi Adam minangka manungsa kawitan, diciptakake saka lemah. Mula, nalikane wis ora nduweni nyawa kudu dibalikake menyang lemah utawa bumi.

“Manungsa iku asale saka lemah, mula yen mati ya mbalik marang lemah. Disuceni sik, banjur dibungkus mori, kaya dene manungsa lek wis mati. Kendhil kuwi perlambang kanggo penguripan. Wong urip mbutuhake perkakas

gerabah. Uyah kuwi, nalikane bayine uripe ya butuh uyah mula bature ya diwenehi. Tulisan kalimat syahadat ya kanggo ngancani bature supaya padha Islame. Dene kembang boreh iku diwenehne ndhuwure pendheman supaya papane dadi wangi, saengga ora ana kewan kang ngrusak papan pendhemane batur bayi kasebut. Kaya kendhil kuwi kadhang kala ya bisa diganti bonggole gedhang, kuwi amrih batur bayine anyep". (Said, 13 Juni 2013)

Sadurunge dipendhem, ari-ari kudu disuceni yaiku kanthi cara didusi, banjur dibuntel kain mori. Tata laku kaya mangkono iku padha dene tata laku nalikane manungsa iku tilar donya. Mula, ari-ari minangka bature bayi dirumat kaya dene manungsa. Bab kasebut nuduhake yen manungsa uga nduweni sikap kang becik kanthi nguwongake ari-ari, senajan dudu wong. Saliyane iku uga wujud aweh pikirmatan marang ari-ari kang wis ngancani si jabang bayi sangang sasi suwene.

Ari-ari kang wis dibuntel kain mori banjur diwadhahi kendhil utawa bonggol gedhang. Bab kasebut nduweni maksud pikirmatan marang ari-ari, tegese kanthi diwadhahi kendhil, ngemu makna yen manungsa ing panguripane iku mbutuhake samubarang kang agawe saka gerabah, saengga ari-arine diwadhahake kendhil. Dene bonggol gedhang iku ngemu makna pikirmatan marang ari-ari saengga diwadhahi bonggol gedhang kang asipat anyep supaya ari-arine ngrasa tentrem ing pendhemane.

Sawise ari-ari dilebokake ing pendheman, mula diwenehi uyah supaya ari-arine anyep lan bisa ngrasakake sawijining rasa ing donya. Manungsa ing ngalam donya mesthi butuh uyah, mula ari-arine ya diwenehi. Saliyane uyah, uga diwenehi dom bolah, kalimah syahadat, lan liya-liyane kang mujudake simbol pengarep-arepe wong tuwa marang si jabang bayi kang diwakilake marang ari-arine. Sadurunge diurug lemah, mula ari-arine kudu diadzani lan diiqamati, mujudake tata laku kaya kang ditindakake nalikane ngubur mayate manungsa. Bab kasebut nduweni teges supaya si ari-ari iku bisa tentrem ing ngalame kanthi ridhane Gusti Pangeran.

Tata laku sabanjure yaiku kanthi menahi kembang boreh ing sandhuwure pendhemane ari-ari. Kanthi mangkono, papan pendhemane ari-ari mambu wangi saengga aman saka kewan kang mangan daging. Saliyane iku nduweni teges yen sajrone urip, manungsa iku seneng marang samubarang kang wangi saengga bature bayi uga diwenehi wangi-wangian. Dene kang pungkasan, kanthi menahi pepadhang arupa ublik apa dene lampu listrik, masyarakat Jawa nduweni pengarep-arep supaya batur bayine tetep padhang ing ngalame saengga bisa lumeber marang si jabang bayi supaya padhang uripe ing ngalam donya.

b) Jagong Bayi

Jagong bayi yaiku tumekane para tangga teparo lan para kadang saka kulawarga kang nduweni bayi kanthi tujuwan melu nyertakake kelairane si jabang bayi. Saliyane iku jagong bayi uga rasa bungahe para tangga lan para kadang awit ana kulawarga kang nduweni bayi.

" Kuwi ngono kanggo nyertakne, wujud melu bungahe tangga teparo marang tanggane kang lairan, wujud melu senenge wong awit tanggane oleh berkah kanthi laire bayi." (Said, 13 Juni 2013)

Jagong bayi mujudake tata tumindak kang dilakoni dening masyarakat Jawa nalikane tanggane nampa laire bayi. Jagong bayi uga nuduhake yen masyarakat Jawa nduweni rasa kakulawargan lan padha nduweni marang tanggane. Bab kasebut minangka patuladhan kang becik lan pantes tiniru. Sikap kakulawargan nuduhake yen wong Jawa iku dudu manungsa kang *individualis*, nanging manungsa kang nduweni sipat sosial kang gedhe marang manungsa liyane. Yen diwawas, tangga teparo iku dudu sapa sapa, ora nduweni sesambungan trah, mangan uga ora menahi, nanging nalikane tanggane nampa laire bayi, tangga liyane melu bungah, malah jagong bayi kanthi gawa gawan rena-rena kaya dene gula, kopi, beras, lan sapanunggalane. Bayi kang lair iku kaya-kaya dadi bayine, padha-padha nduwenine, saengga rasa bungah iku ora mung duweke kulawarga kang nampa laire bayi. Karakter lan sikap kang kaya mangkono iku kang dibutuhake kanggo anggayuh bebrayan kang ayem tentrem. Karakter lan titikan kang miturut Purwadi (2009: 224) diarani karaktere masyarakat padusunan utawa desa.

c) Gendurenan

Gendurenan yaiku sawijine upacara kang dilakoni dening masyarakat Jawa kanggo nyuwun marang Gusti Pangerane, nganggo sawijine uba rampe utawa sesajen tartamtu. Gendurenan uga diarani kenduren, kendhuren, kondangan, lan liya-liyane.

" Gendurenan kuwi wong-wong kumpul, dzikir lan ndonga bebarengan apa kang dadi kajate sing nduwe omah. Sadurunge dzikir lan ndonga, diujubne apa wae uba rampe kuwi, apa wae tegese. Kanthi mangkono, wong-wong padha melu ndonga marang Gusti Pangeran. Semono uga uba rampe kuwi ya melu ndongakne apa pepengine kang nduwe kajat." (Said, 13 Juni 2013)

Gendurenan mujudake tradhisi kang punjere nuduhake tata lakune masyarakat Jawa kang nyuwun marang Gustine. Dadi, gendurenan minangka cara utawa ritual kanggo sesambungan karo Gusti. Manungsa ing ngalam donya mung minangka titah kang mung bisa nyuwun marang Gustine. Gendurenan mung minangka cara kang ditindakake kanggo nyenyuwun marang Gusti.

Dzikir kanthi maca kalimat-kalimat thaiyyibah lan dipungkasi kanthi ndonga. Bab kasebut nduweni teges yen sadurunge nyuwun apa kang dikarepake iku kudu eling lan muji dhisik. Eling lan muji kang diwujudake kanthi maca kalimat-kalimat thaiyyibah iku bisa uga diarani ngalembana marang kang disuwuni supaya apa panyuwune bisa kinabul. Tata tumindak mangkono iku menahi piwulang kang becik supaya manungsa iku tumindak kaya mangkono yen nduweni pepenginan. Bisa dibayangake yen manungsa karo manungsa liyane nalikane nduwe pepenginan banjur mung blaka suta wae. Apa maneh yen nalikane nduweni

panyuwun marang Gusti Pangeran, kudu luwih alus lan tumata. Mula, sadurunge nuju ing punjere, kudu ngliwati pinggire dhisik, yaiku kanthi eling, muji, lan ngalembana supaya punjere pepenginan bisa kinabul.

Gendurenan uga diarani ngepung buceng, tegese nalikane wis didongani, sakabehe uba rampe iku banjur didumne marang para undhangan. Tumindak kasebut kalebu shodaqoh marang wong liya kanthi menahi panganan. Panganan saka uba rampe gendurenan iku kadhang kala dibuntel lan digawa mulih, mula diarani berkat. Tegese berkat utawa berkah (barokah) kanggone kulawargane ing ngomah. Shodaqoh kasebut disadhari apa ora, mujudake metodhe sesrawungan lan nyambung tali paseduluran marang tangga teparone.

d) Kekahan

Kekahan utawa 'aqiqah iku tradhisi kang punjere saka piwulange agama Islam. Sejatine, 'aqiqah iku ora kudu ditindakake nalikane sepasaran bayi, ananging gumantung kapan bisane wong tuwane ngekahi putrane.

“Yen ta lanang, dikekahi kanthi wedhus cacah loro, yen ta wedok mula cukup wedhus siji wae. Kuwi nduweni maksud yen tanggung jawabe wong lanang luwih gedhe tinimbang wong wadon. Kekah ya kalebu shodaqoh.”
(Said, 13 Juni 2013)

Kekahan iku uga diarani nebus laire bayi marang Gusti kanthi shodaqoh, yaiku diwujudake mbeleh wedhus loro tumrape bayi lanang lan siji tunrape bayi wadon, banjur didumne marang tangga teparo. Daging wedhus ing jaman mbiyen kalebu samubarang kang dhuwur ajine saengga ora saben dina wong bisa mangan daging wedhus. Nanging senjata ajine kalebu dhuwur, nduweni wedhus iku isih bisa digayuh dening kabeh golongan masyarakat. Mula, kekahan bisa ditegesi shodaqoh samubarang kang ora saben dina dipangan wong liya utawa samubarang kang nduweni aji. Kanthi shodaqoh daging wedhus, tangga teparone bisa ngrasakake mangan lawuh daging.

e) Diba'an

Diba'an utawa diba'iyah barzanji yaiku sholawatan bebarengan kanthi ditembangake miturut lagu-lagu tartamtu. Diba'an minangka seni tradhisi kang ditindakake nalikane sepasaran bayi. Nanging, diba'an iku uga bisa ditindakake ing acara liyane.

“Diba'an iku lak ya sholawatan reriptane para wali kang ditembangake, tujuwane ya mulyakake kanjeng Nabi kanthi pangarep-arep ya mugiya si jabang bayi bisa nuladhani kanjeng Nabi Muhammad.” (Said, 13 Juni 2013)

Diba'an utawa diba'iyah barzanji kanthi sholawatan nduweni tujuwan muji, ndongakake, lan mulyakake kanjeng Nabi Muhammad. Diba'an minangka seni tradhisi kang diwarisake para wali sanga. Kanthi tumindak sholawat, muji, ndongakake, lan mulyakake kanjeng Nabi, masyarakat Jawa nduweni pamawas yen kanjeng Nabi uga bakal melu ndongakne marang Gusti lan si jabang bayi bisa nuladhani sipat lan tumindake kanjeng Nabi.

f) Nyukur Rambute Bayi

Nalikane slametan sepasaran bayi, ana sawijining tata laku kang ditindakake marang si jabang bayi, yaiku nyukur rambute si jabang bayi kang wiwitan. Tradhisi nyukur utawa motong rambute si jabang bayi kasebut bareng karo srokalan.

Bayi iku ben sehat. Dicuruk rambute ya bisa ngedohake saka balak, kanggo tolak balak. Ya kaya wong sunat ngono kae hlo supaya ben resik lan sehat. Saliyane kuwi ya ben thukulane rambut bisa luwih apik. (Said, 13 Juni 2013)

Tradhisi nyukur rambute si jabang bayi nyatane nduweni tujuwan kanggo tolak balak. Istilah tolak balak kerep digunakake masyarakat kanggo nyebut utawa ngarani samubarang kang ala lan ora becik tumrape wong, kayata bebaya, sawernane penyakit, lan sapanunggalane. Kayata nalikane supitan utaa khitanan, tujuwane supaya luwih gampang anggone ngresiki saengga adoh saka bebaya lan penyakit. Semono uga tradhisi nyukur rambute si jabang bayi, supaya rambute si jabang bayi bisa resik lan gampang diresiki sarta thukul rambut anyar kang luwih apik.

4. Pigunane Tradhisi Slametan Kelairan Bayi

Masyarakat Jawa nindakake TSKB tamtune jalaran ana pigunane. Kanggo ngudhari pigunane TSKB mula digunakake teori piguna kang diandharake dening Bascom.

a. Sistem Proyeksi

Tradhisi Slametan Kelairan Bayi minangka wujud nyata saka angen-angene manungsa. Ide utawa pamikiran kang sadurunge mung ana ing njero sirahe manungsa banjur *diproyksikan* marang wujud kang nyata, yaiku anane tradhisi slametan kelairan bayi.

“Slametan bayi iku biyen sejatine mung ana ing angen-angene manungsa, banjur diwujudake ing gendurenan kaya saiki iki. Sejatine kan mung wujud angen-angen, ana kepenginan kepriye anggone mulyakake laire si bayi iku, kepriye anggone ndongakake si bayi iku supaya slamet, kepriye anggone ngrumat si bayi iku amrih waras nganti diwasa, pungkasane ya dadi awujud slametan gendurenan iku.” (Ngadenan, 20 Oktober 2013)

Tumrape masyarakat Jawa, laire bayi iku wujud anugrahe Gusti marang manungsa. Mula si jabang bayi uga kudu dijaga lan dirumat kanthi becik. Salah sawijine upaya kang dilakoni dening masyarakat yaiku slametan gendurenan kanthi uba rampe lan tata laku tartamtu. Gendurenan kasebut nduweni tujuwan supaya si jabang bayi bisa slamet lan didohake saka bebaya. Bayi kang ibarate isih resik lan suci kudu dijaga amrih ora digodha dening bangsane lembut. Kekarepan lan pepenginan marang si jabang bayi kang ana ing pikirane manungsa banjur *diproyksikan* utawa diwujudake marang wujud uba rampe lan tata laku sajrone tradhisi slametan kelairan bayi.

b. Sarana Pendhidhikan

Tradhisi Slametan Kelairan Bayi minangka sarana pendhidhikan utawa panggulawentah tumrape masyarakat dhewe, mligine tumrape para putra. Saka anane tradhisi kasebut, tinemu panggulawentah ing babagan agama, babagan tata krama (karakter pribadi), lan babagan sosial.

1) Babagan Agama

Tradhisi Slametan Kelairan Bayi mujudake tata tumindak kang ora bisa uwal saka aspek agama. Agama utawa kapitayan kang dienuit dening manungsa njalari manungsa nindakake TSKB, jalaran TSKB dianggep minangka sarana kanggo nyedhakake manungsa marang Gustine.

“Slametan kuwi sejatine kan ya kalebu ngibadah, kanthi shodaqoh marang tangga teparo, menahi shodaqoh nyang undangan lan tangga teparo, banjur bebarengan ndonga muji marang pangeran. Iku kabeh sejatine ya kalebu ngibadah. Dzikir lan ngucapake kalimah-kalimah thaiyyibah, banjur ndonga. Iku kalebu ngibadah.” (Ngadenan, 17 Juni 2013)

Sajrone gendurenan tinemu tata laku yaiku arupa dzikiran. Dzikir yaiku ngucapake saperangan kalimat-kalimat saka Al-Qur'an. Kanthi mangkono, manungsa bisa sinau babagan agama saka kang diucapake ing dzikir mau. Saliyane iku, sajrone tata laku diba'an, manungsa uga bisa blajar ngenani tata carane sholawat kanggo ngormati Kanjeng Nabi. Kanthi mangkono, manungsa sithik mbaka sithik bakal nduweni kesadharan kanggo nuladhani apa bae kang ditindakake dening Kanjeng Nabi. Ing pungkasan, lumrahe ngucapake donga kang isine kekarepan lan angen-angene manungsa. Saka tumindak kasebut, manungsa bisa sinau ngenani tata carane anggone ndonga marang Gustine sarta ngetrepake rasa yakin yen Gusti bakal ngijabahi apa panjaluke manungsa lumantar donga kasebut.

2) Babagan Tata Krama (Karakter Pribadi)

Tata krama ing jaman saiki mujudake samubarang kang larang ajine, tegese tata krama wis awit dilirwakake lan ditinggal dening manungsa. Kamangka sejatine tata krama mujudake samubarang kang wigati sajrone urip bebrayan. Kanthi tata krama, swasana urip bebrayan bisa tintrim lan adoh saka tukar padu.

“Masyarakat Jawa kuwi kebak ing tata krama, sopan santun, unggah ungguh. Sajrone slametan kuwi, kabeh kudu ngecakake tata krama, yen ora ya bakal dadi rasan-rasane masyarakat, ora bakal dikormati. Slametan bayi bisa dianggo sarana blajar tata krama, kepriye carane ngormati wong liya, marang sepadhane, marang tuan rumahe, marang kang luwih sepuh.” (Ngadenan, 20 Oktober 2013)

Piwulang ngenani tata krama bisa diweruhi sajrone TSKB. Antarane manungsa siji lan sijine, antarane wong kang nduwe hajat lan undhangan, antarane kang tuwa lan mudha, kabeh kudu ngecakake tata krama.

Tata krama kanggone masyarakat Jawa mujudake samubarang kang wigati. Mula, pawongan kang ora ngecakake tata krama sajrone bebrayan, mligine sajrone TSKB, bakal disemoni lan dianggep ora nduweni unggah-ungguh sarta bakal ora dikormati dening liyan. Tata krama ukara minangka sarana pamangun karakter pribadi supaya mujudake pribadi kang unggul.

3) Babagan Sosial

Manungsa minangka makhluk individu lan sosial, tegese manungsa minangka individu kang nduweni sipat-sipat lan titikan kang khas kang beda karo manungsa liyane, lan manungsa minangka makhluk sosial kang ora bisa urip dhewe lan mbutuhake wong liyane. Lumantar TSKB, manungsa diwulangi urip sosial kang kudu srawung karo manungsa liyane.

“Wong kang nduweni bayi ateges kan nduweni hajat utawa nduweni gawe, mesthi wae repot lan ora mungkin ditandangi dhewe, mula ya butuh pambiyantu saka wong liya. Sajrone urip bebrayan iku wajib anggone tulung tinulung lan gotong royong marang wong liya. Mula slametan kuwi bisa kanggo sarana blajar urip bebarengan utawa sosial iku mau.” (Ngadenan, 20 Oktober 2013)

Sajrone urip bebrayan, manungsa kudu nduweni sipat empan papan, tegese kudu bisa ngecakake manungsa minangka individu lan minangka makhluk sosial. Manungsa kudu mangerteni wigatine urip pasrawungan karo liyan. Nalikane tanggane nduwe bayi, tamtune bakal repot samubarange. Tangga teparone kudu siyap yen dijaluki tulung aweh pambiyantu. Piwulang sosial kang kinandhut sajrone TSKB iki kudune diwulangake marang para putra, lanang lan wadon.

c. Sistem Kontrol

TSKB bisa minangka sarana kanggo ngontrol utawa ngawasi samubarang, wiwit saka kahanan individu, sosial masyarakat, kahanan ekonomi, kahanan agama, lan liya-liyane.

“Ya bisa wae. Tradhisi slametan bayi bisa dianggo sarana ngontrol lan ngawasi samubarang ing masyarakat. Kayata babagan urip bebrayan, babagan agami, ekonomi, lan sapiturute. Contone ngene, yen sajrone slametan iku nom-nomane urakan, tegese tata kramane kurang, mula kudu menahi piwulang maneh ngenani tata krama.” (Ngadenan, 20 Oktober 2013)

Anane tradhisi slametan bayi iku bisa menahi piguna yaiku minangka sarana kanggo ngawasi kahanan kang ana ing bebrayan. Ana owahe kahanan utawa ana samubarang kang ora lumrah sajrone bebrayan, bisa dikontrol lan diawasi nalikane ana tradhisi slametan bayi utawa tradhisi-tradhisi liyane. kayata nalikane ana tradhisi slametan kelairan bayi, banjur para nom-noman ora nekani undhangan, ateges mesthi ana samubarang kang ora lumrah, bisa dikontrol, lan bisa digoleki apa

kang njalari sarta kepriye supaya kahanan masyarakat bisa mbalik tintrim kaya sadurunge.

5. Pamawas (Resepsi) Masyarakat

Resepsi utawa pamawase masyarakat ngenani TSKB diudhari minangka gegambaran saka masyarakat ing desa Bediwetan lan masyarakat Jawa. Kanggo mangerteni pamawase masyarakat ngenani tradhisi slametan kelairan bayi, digunakake teori Iser (sajrone Endraswara, 2008: 121) ngenani resepsi sastra.

a. Panampane Masyarakat marang TSKB

TSKB minangka sawijing kabudayan Jawa bisa ditampa lan bisa ditolak dening masyarakat Jawa dhewe. Senajan kalebu kabudayan Jawa, masyarakat Jawa dhewe kaperang dadi rong golongan anggone nampa TSKB. Ana golongan masyarakat kang nampa lan sarujuk marang TSKB, nanging uga ana golongan kang ora sarujuk lan ora nampa. Supaya luwih cetha bisa dideleng ing tabel 1 kaya ing ngisor iki.

Tabel 1
Panampane Masyarakat ngenani TSKB

No	Umur (th)	Panampane Masyarakat ngenani TSKB	
		Sarujuk	Ora Sarujuk
1	15-29	32	2
2	30-50	28	11
3	51≤	21	6
Jumlah		81	19

Manut tabel ing ndhuwur, ora kabeh masyarakat sarujuk lan nampa marang anane TSKB. Saperangan (19 saka 100) wong nyatane ora sarujuk. Dene wong kang sarujuk lan nampa, nduweni panganggep yen TSKB iku wigati lan nduweni piguna. Nanging, ana saperangan responden kang ora sarujuk marang TSKB, nanging sejatine nganggep yen TSKB iku nduweni piguna. Luwih cethane, andharane kaya ing ngisor iki.

1) Masyarakat kang nampa lan sarujuk

Masyarakat Jawa mligine masyarakat desa Bediwetan akeh kang kalebu golongane masyarakat kang nampa lan sarujuk marang anane TSKB.

“Akeh kang isih nglakoni slametan bayi, ning ya saperangan ing dhusun Krajan kae ana golongan kang ora gelem. Ya ora salah yen nduweni pamikiran kaya mangkono. Wong kang nglakoni slametan ya ora salah, ning nyate kudu dilurusne tenan. Wong slametan kanggo dzikir lan shodaqoh, dzikir luwih apik tinimbang cangkruk njur rasan-rasan.” (Ngadenan, 17 Juni 2013)

Manut asiling angket, akeh masyarakat kang nampa lan sarujuk sarta ngugemi TSKB jalaran isih kalebu tradhisi kang wigati lan dianggep menahi manfaat utawa piguna tumrape masyarakat, yaiku 81 wong saka cacah 100 wong. TSKB dianggep minangka sarana kanggo nggolek keslametan lan sarana muji syukur marang Gusti Pengeran.

Masyarakat kang nampa lan sarujuk kalebu masyarakat kang dinamis, tegese masyarakat kang *luwes*

lan *elegan* sarta ora kaku nalikane nampa sawijining tradhisi. Masyarakat bisa sinau babagan tata krama, sopan santun, unggah ungguh, lan nilai-nilai becik liyane sajrone TSKB. Saliyane iku, kanthi ngugemi tradhisi kang diwarisake dening para leluhur, masyarakat nuduhake kurmat bektine marang para leluhure kang wis sumare. Para leluhur dianggep wong kang wigati jalaran kang mbabat alas saengga wong saiki bisa urip mapan.

“sarujuk awit menika ngleluri kaluhuranipun budaya jawi. Tansaya kathah ingkang ngrawuhi slametan menika, tansaya kathah donga ingkang kaparingaken dhateng jabang bayi”. (Suprapti, 14 Agustus 2013)

Masyarakat desa Bediwetan nindakake TSKB minangka sarana kanggo nggolek keslametan, mligine keslametane si jabang bayi. Kaslametan kasebut diwujudake adat tradhisi slametan kang punjere nyuwun lan ndedonga marang Gusti supaya kinabul apa kang dikarepake. Uba rampe kang akeh-akehe awujud panganan bisa minangka sarana shodaqoh lan weweh marang wong liya. Mula saka sakehe manfaat kasebut njalari masyarakat tetep ngugemi lan nindakake TSKB.

2) Masyarakat kang nolak lan ora sarujuk

Masyarakat kang nolak lan ora sarujuk marang anane TSKB ing desa Bediwetan cacah mung sithik, yaiku 19 wong saka cacah 100 wong. Golongan iki nggayutake perkara tradhisi slametan lan agama, mligine agama Islam. Masyarakat kasebut nduweni alasan yen tradhisi slametan ora ana ing wulangane agama Islam.

“Sing ora sarujuk kuwi alasane ya agama. Nduweni pamawas yen sajrone agama Islam kuwi ora ana piwulang ngenani slametan bayi. Mula kanggone sing ora setuju kuwi, slametan klebu bid’ah, ora kena dilakoni.” (Ngadenan, 17 Juni 2013)

TSKB kalebu tradhisi kang diwarisake saka para leluhur biyen lan isih nduweni gayutan karo agama Hindhu. Tradhisi slametan apadene gendurenan punjere pancen saka agama Hindhu, nanging jamane wali sanga, tradhisi kasebut wiwit diowahi lan dileboni unsur-unsur Islam lan minangka sarana kanggo nggiyarakake agama Islam ing tanah Jawa. Mula pancen bener yen tradhisi slametan iku dudu wulangan saka agama Islam.

“Ora setuju jalaran tradhisi kuwi ora ana neng ajarane Islam, bisa-bisa malah njalari syirik, bid’ah”. (Suhandoko, 18 Agustus 2013)

Masyarakat kang ora sarujuk nduweni alasan yaiku babagan agama utawa kapitayane. Ana kang ngarani yen slametan iku bisa njalari syirik lan kalebu bid’ah. Syirik yaiku nyekuthokake utawa ngakoni yen Gusti Allah iku ora mung siji. Tumindak menahi sesajen sajrone gendurenan dianggep minangka tumindak syirik jalaran isih ngakoni lan njaluk donga marang saliyan Gusti. Dene bid’ah miturut Wikipedia yaiku “*perbuatan dalam beribadah yang dikerjakan tidak menurut contoh yang sudah ditetapkan, termasuk menambah atau mengurangi*”. (bid’ah yaiku tumindak sajrone ngibadah kang ditindakake ora manut tuladha kang wis ditrepake, kalebu nambahi utawa ngurangi). TSKB dianggep bid’ah

jalaran kanjeng Nabi ora tau menahi tuladha ngenani slametan. Alasan nolak lan ora sarujuk marang tradhisi slametan mligine slametan kelairan bayi bisa ditampa lan dinalar yen kanggone wong kang ngati-ati lan kepingin nindakake wulangan agama Islam kaya kang ditindakake kanjeng Nabi.

Manut asiling angket, alasan liya kang njalari masyarakat nolak lan ora sarujuk marang anane tradhisi slametan yaiku bab beaya. Kanggone masyarakat kang ekonomine kurang, nindakake slametan iku kalebu rekasa banget. Kadhang malah ana kang dibelani nganti utang marang tanggane. Akeh kang kepeksa nindakake tradhisi slametan mung jalaran ora kepenak karo tanggane, wedi yen dirasani wong liya, lan sapanunggalane. Kahanan kasebut kang ndadekake masyarakat ora sarujuk marang tradhisi slametan, mligine slametan kelairan bayi.

“ Tidak setuju. Kondisi ekonomi menengah ke bawah menjadikan slametan sebuah beban hidup tambahan. Syukuran bayi cukup ala kadarnya saja”. (ora sarujuk. Kahanan ekonomi kang pas-pasan ndadekake slametan minangka beban urip tambahan. Syukuran bayi cukup sabisane wae). (Sumiati, 13 Agustus 2013)

Slametan bayi mung dianggep *beban* urip tambahan kang sejatine ora perlu lan malah kalebu urip kang boros. Pancen yen alasan ora sarujuk marang TSKB babagan ekonomi, ya bisa dimaklumi jalaran kahanan ekonomi lan kakuwatane saben wong iku beda-beda. Minangka gantine, masyarakat nduweni panemu yen nalikane bayi lair, cukup disyukuri wae kanthi shodakoh sacukupe lan sakuwate kulawarga kang nduweni bayi, ora kanthi nindakake sawernane slametan brokohan, sepaaran, selapanan, lan sapanunggalane.

b) Nilai Fungsi lan Disfungsi kang Tinemu sajrone TSKB

TSKB minangka kabudayan kang luhur tamtune ngemot sawernane nilai-nilai kang becik kang nduweni piguna marang panguripane masyarakat Jawa. Nanging, TSKB uga ora bisa uwal saka anane saperangan nilai kang ala kang tinemu sajrone tradhisi kasebut. Merton (sajrone Kaplan, 2002:79) menahi andharan yen sajrone kabudayan iku tinemu fungsi lan disfungsi. Fungsi dumadi saka fungsi manifes lan laten, dene disfungsi mujudake fungsi *negatif* utawa ala kang sejatine ora dikarepake.

Tabel 2
Fungsi lan Disfungsi

No	Aspek	Cacah
1	Fungsi tumrap:	
	a. Pribadi	84
	b. Para kawula mudha	85
	c. Kulawarga kang nduwe hajat	81
	d. Masyarakat	82
2	Disfungsi tumrap:	
	a. Pribadi	53
	b. Para kawula mudha	48
	c. Kulawarga kang nduwe hajat	54
	d. Masyarakat	48

Masyarakat isih akeh kang nganggep yen kabudayan (tradhisi) nduweni fungsi marang diri pribadi, para mudha, kulawarga kang nduwe hajat, lan masyarakat. Saka cacah 100 responden, 80% luwih kang mangsuli yen TSKB iku nduweni fungsi marang diri pribadi, para mudha, kulawarga kang nduwe hajat, sarta marang masyarakat. Saka cacah kasebut bisa didudut yen saperangan wong kang ora sarujuk marang TSKB uga ana kang mangsuli ngenani fungsi TSKB. Dene disfungsi marang pribadi lan kulawarga kang nduwe hajat nduweni cacah 53 lan 54, lan disfungsi marang para mudha lan masyarakat yaiku ing cacah 48. Angka kasebut menahi dudutan yen masyarakat kang sarujuk uga sadhar lan ngaweruhi yen TSKB iku uga nduweni fungsi negatif.

1) Nilai Fungsi

Nilai fungsi utawa fungsi positif kang tinemu sajrone tradhisi slametan kelairan bayi, miturut panemune masyarakat, ing antarane yaiku.

a) Tulung Tinulung

Tembung tulung miturut Poerwadarminta (1939:1900) awèh pambantu (pasumbang, kekuwatan, lsp) marang liyan. Tulung tinulung tegese padha awèh pitulungan. Tulung tinulung kalebu fungsi manifes, yaiku fungsi kang disadhari lan dikarepake. Tulung tinulung minangka nilai becik kang wiwit jaman biyen wis ana lan saya ngrembaka, mligine ing masyarakat desa. Semono uga yen nalikane ana kang nduwe hajat kayata slametan kelairan bayi, nilai tulung tinulung bisa tinemu, utamane saka tangga teparo lan sanak dulur.

b) Wulangan Tata Krama

Rerangkene TSKB nyatane bisa minangka sarana kanggo wulangan tata krama. Tata krama utawa sopan santun minangka barang wajib kang kudu ditrepake nalikane ana ing adicara apa wae. Tata krama kudu ditindakake dening saben pawongan, mligine kanggone wong kang luwih enom marang kang luwih tuwa. Piwulang tata krama kasebut kadhang kala ora ketara lan ora disadhari saengga bisa sinebut fungsi laten. Tata krama minangka piwulang kang tanpa disadhari lan ora dadi tujuwan utama sajrone TSKB nanging nyatane ana lan migunani. Tuladhane nalikane laden ngelungake panganan lan dhaharan marang para undhangan, kudu ngetrapake tata krama kang bener. Anggone ngelungake dhaharan kudu ngati-ati lan pener. Anggone ngelungake wedang uga kudu pener.

c) Ndongakake Bayine

Tujuwan TSKB yaiku ndongakake bayine supaya slamet, ora rewel, lan didohake saka bebaya. Kahanan kang isih bayi uga akeh godhane, kayata rewel, nangis, lan lara-laranen. Mula, kanthi ngundang tangga teparo, kang ndongakake bayi luwih akeh lan luwih mungkin diijabahi dening Gusti. Saliyane iku, sadurunge ndonga biasane ngucapake dzikir bebarengan. Kanthi mangkono sejatine uga menahi manfaat batin kanggone kang dzikir lan ndongakake. Ndongakake si jabang bayi

kalebu fungsi manifes, yaiku fungsi kang disadhari lan pancen dikarepake dening masyarakat saka anane TSKB.

d) Shodakoh minangka Wujud Syukur

Tumrape wong kang nduwe hajat, tradhisi slametan bayi nduweni rong manfaat, yaiku ndongakake si jabang bayi lan uga sarana shodakoh marang wong liya. Shodakoh kang dimaksud yaiku arupa nglumpukake tangga teparo lan pungkasan disuguh maneka warna dhaharan. Kanthi shodakoh, bisa menehi manfaat arupa nyambung tali paseduluran marang masyarakat liya lan sanak dulur. Shodakoh minangka fungsi *manifes* kang njalari rakete tali paseduluran minangka fungsi *laten*. Saliyane iku, miturut wulangane agama, kanthi shodakoh bisa nambah dawane umure manungsa, tegese bisa dawa umure utawa umur kang manfaat lan kebak kabecikan sarta barokah. Shodakoh uga minangka wujud syukure kulawarga kang nduwe bayi.

e) Pasrawungan kang agawe guyub rukun

Srawung tegese barung, wis tau tepung (Poerwadarminta, 1939:1812). Pasrawungan tegese wororan karo wong akeh. TSKB nyatane bisa sarana pasrawungan antarane manungsa siji lan sijine, antara masyarakat siji lan masyarakat liyane. Slametan kanthi ngundang tangga teparo, prangkat desa, lan dulur-dulur adoh mujudake pasrawungan kang bisa agawe guyub rukune masyarakat. TSKB bisa munculake manfaat kang akeh, kayata agawe guyub rukun, ijol pamikiran lan informasi, luwih mangerteni sipat lan wewategane wong liya, lan sapiturute. Pasrawungan sajrone TSKB kalebu fungsi *manifes* kang tanpa disadhari nyatane nuwuhake fungsi *laten*, kayata agawe guyub rukun, ijol pamikiran lan informasi, luwih mangerteni sipat lan karaktere wong liya, lan sapanunggalane.

2) Nilai Disfungsi

Nilai ala mujudake disfungsi kabudayan kang sejatine ora dikarepake. Disfungsi utawa fungsi negatif digambarake kaya nalikane nandur pari, nanging saliyané thukul pari bisa uga thukul suket. Suket minangka gegambarane fungsi negatif kang ora dikarepake. Nilai ala kang tinemu sajrone TSKB, miturut panemune masyarakat, ing antarane yaiku.

a) Rasan-rasan

Nilai ala kang tinemu sajrone rerangkene TSKB yaiku rasan-rasan. Rasan-rasan yaiku ngomongake alane utawa cacate wong liya. Rasan-rasan iki biasane dilakone dening wong wadon. Sinambi rewang ing pawon, sinambi ngomong ngalor ngidul lan lumrahe mesthi ngomongake alane wong liya lan mbukak cacate wong liya.

b) Pamer utawa Jor-joran.

Nilai ala kang tinemu saliyané rasan-rasan yaiku sipat pamer lan jor-joran. Pamer miturut Poerwadarminta (1939:1430) yaiku motongtonake (ngumukake) kabagusane utawa barang penganggone. Bab kasebut

biasane gegayutan karo status sosial, mligine kang nduweni hajat slametan. Kanggone wong kang kahanan ekonomine dhuwur, biasane anggone nyuguh jajan lan dhaharan iku sarwa enak lan warna-warna. Lumrahe, tangga kang ora trima banjur yen nduwe hajat sabisané ngluwahi tanggane mau. Kahanan kaya mangkono iku sithik akeh uga tinemu sajrone masyarakat. Yen nduweni hajat adhedhasar status sosial lan gengsi, mula ora bakal ana jluntrunge. Mula, kudune mbalik marang niat lan hajat kang utamane.

c) Syirik

Anggone nindakake TSKB kudune nduweni niat kang pener, yaiku niat ndongakake si jabang bayi lan niat shodakoh. Niat ndonga marang Gusti lan dudu marang liyane Gusti. Mula, ora kena nduweni niat kepeksa amarga ora kepenak yen ora nglakoni banjur dirasani dening wong wong liya, wedi yen disatru masyarakat, lan liya-liyane. Saperangan masyarakat nganggep yen isih ana sesajen iku mujudake tumindak kang syirik. Mula, niat ing ati kudu ditata kanthi bener, yaiku niat krana Allah ta'ala tanpa ana maksud syirik. Niat kang bener lan pener bakal nggawa kabecikan lan bekah.

c. Upaya kanggo Ngléluri TSKB

Akeh upaya kang bisa ditindakake supaya TSKB isih bisa tetep lestari. Salah sawijine upaya kasebut utamane nduweni sesambungan karo manungsa minangka kang nglakoni tradhisi. Urip lan matine tradhisi gumantung saka manungsané. Ing masyarakat ana golongan tuwa lan golongan mudha.

“Kudu ana kerjasama kang apik antarane kawula mudha lan golongane wong sepuh. Sing tuwa ya kudu gelem mbimbing sing enom, sing enom ya kudu ngerti minangka generasi penerus. Kanthi mangkono, Inshaallah tradhisi bisa tetep lestari.” (Ngadenan, 1 September 2013)

Para nom-noman minangka generasi penerus mujudake unsur kang wigati supaya tradhisi tetep bisa lestari. Semono uga tumrape wong tuwa kang wis wasis babagan tradhisi kudune bisa mbimbing lan menehi pangerten marang generasi mudha ngenani wigatine tradhisi slametan kelairan bayi. Antarane kekarone kudu bisa nduweni komunikasi kang apik saengga pesan kang kinandhut sajrone tradhisi bisa diwedharake. Generasi mudha kudu bisa mahami lan generasi tuwa uga kudu luwih sabar menehi ngerti. Kanthi sesambungan kang apik antara kekarone, mula tradhisi bisa tetep lestari.

Saka pamawas kang luwih jembar, tradhisi slametan kelairan bayi minangka sawijing kabudayan nduweni sesambungan kang raket karo masyarakat. Masyarakat lan kabudayan minangka rong perangan saka siji kanyatan panguripan sosialé manungsa, lan jalaran saka iku kekarone nduweni sesambungan kang raket lan

ora bisa dipisahake (Sukarman, 2006:37). Mula masyarakat nduweni peran kang wigati kanggo panguripane lan pangrembakane kabudayan. Masyarakat bakal tetep nglakoni lan nindakake kabudayan yen kabudayan kasebut isih menahi piguna lan dianggep wigati dening masyarakat.

6. Owah Gingsire Tradhisi Slametan Kelairan Bayi

TSKB minangka salah sawijine kabudayan saka masyarakat Jawa. mula, tradhisi minangka kabudayan ngalami owah-owahan jalaran kabudayan iku asipat dinamis saengga bisa owah kapangan mangsa. Saliyane iku, masyarakat minangka subjek kang nggunakake tradhisi kasebut tamtune uga nduweni sipat-sipat kreatif saengga menahi panemu-panemu anyar kang dilebokake sajrone TSKB.

a. TSKB ing Biyen lan Saiki

Tradhisi Slametan Kelairan Bayi ing biyen lan saiki tamtune wis beda. Kanggo mangerteni beda-bedane, mula diwawas saka bab uba rampene, tata lakune, lan piranti kang gegayutan karo slametan. Andharane kaya ing ngisor iki.

1) Uba Rampe

Tabel 3

Uba Rampe ing Biyen lan Saiki

No	Aspek	Biyen	Saiki
1	Ingkung	- Pitik jago - Dianggep barang kang aji, ora saben dina bisa mangan	- Bisa pitik jago, bisa pitik babon - Barang kang wis lumrah lan bisa dipangan saben dinane
2	Gedhang setangkep kambil gundhil	Wajib ana	Akeh kang wis ora nganggo
3	Jajanan	- Tradhisional (cucur, nagasari, rangginan, lsp) - Lumrahe dibuntel nganggo godhong	- Modheren (roti, lumpia, sosis, lsp) - Dibuntel nganggo plastik/kertas
4	Sega putih	Durung tamtu saben dina mangan sega putih	Wis lumrah dipangan saben dinane

TSKB ing jaman biyen kalebu prasaja banget, tegese anane slametan brokohan, sepasaran, lan selapanan iku ditindakake mung saanane wae. Senajan mangkono, masyarakat nindakake sekabehane slametan

kanthi temen-temen amarga rasa ngajeni lan wedi marang tradhisine leluhur iku gedhe banget.

“ Slametan bayi ing biyen kuwi, nalikane aku sik cilik, mbahku yen nylameti bayi ya mung saeneke. Tegese ya mung prasaja, ora mewah gedhen kaya saiki.” (Said, 13 Juni 2013)

Slametan kelairan bayi ing jaman biyen disiyapake kanthi temen sadurunge. Kayata ing babagan uba rampe, dina-dina sadurunge wis dicepakake. Pitik jago tuladhane. Kanggo slametan kelairan bayi, masyarakat Jawa wis golek-golek pitik jago kang bakal dibeleh. Pitik jago mujudake uba rampe kang larang, tegese mung ing wektu-wektu tartamtu wae masyarakat Jawa mbeleh pitik. Mula, TSKB kalebu wektu-wektu kang ditunggu dening masyarakat, amarga kanthi anane slametan mula bakal ngrasakne lan mangan iwak pitik. Bab kasebut didayani dening kahanan ekonomine masyarakat ing jaman biyen kang kalebu isih durung maju kaya saiki. Ing wektu saiki, iwak pitik kaya-kaya bisa dipangan kapan wae sapengine.

Uba rampe liyane, kayata sega putih, ing biyen kalebu samubarang kang larang. Padha kaya dene pitik, beras putih ora saben dinane bisa dipangan dening masyarakat. Mula, slametan mujudake adicara kang ditunggu dening wong-wong, mligine bocah-bocah cilik. Slametan ing biyen status kaya dene pawiwahan kang agung kang dienteni tekane dening masyarakat. Bocah-bocah cilik ing ngomah ngenteni bapake kang gendurenan lan gawa berkat. Berkat mujudake samubarang kang wigati saengga bocah-bocah seneng banget nalikane bapake mulih lan gawa berkat iku. Senajan samubarange lan tata tindake mung prasaja nanging swasanane beda banget karo saiki. Slametan ing jaman saiki swasanane beda yen ditandhingake karo jaman biyen. Sega putih wis kalebu barang kang umum anane, saben dina bisa tinemu. Kanggone bocah-bocah cilik, anane berkat ya ora spesial kaya ing biyen. Berkat kang digawa mulih malah akeh sing ora kepangan, saengga mubadzir.

Jajanan sajrone slametan ing jaman biyen prasaja banget, kayata cucur, nagasari, rangginan, lan sapiturute. Lumrahe, jinis jajanan ing jaman biyen iku dibuntel mawa godhong gedhang utawa godhong liyane. Saiki, jajanan kang dianggo nyuguh para undhangan wis padha luwih modheren lan mewah. Sawernane roti, sosis, lumpia, lan liyane wis dadi jajanan kang lumrah ing jaman saiki. Akeh-akehe jinis jajanan ing jaman saiki iku nganggo buntel kertas utawa plastik.

2) Tata Laku

Tabel 4

Tata Laku ing Biyen lan Saiki

No	Aspek	Biyen	Saiki
1	Mendhem ari-ari	- Nganggo bonggol gedhang	- Nganggo kendhil

		- Dipadhangi nganggo dimar/ublik/sent hir	- Dipadhangi nganggo lampu listrik
2	Jagong bayi	Lumrahe melekan nganti tengah wengi	Lumrahe mung nganti jam 10 utawa 11 bengi
3	Gendurenan	- Nganggo rapalan cara Hindhu - Ana perjangga kang ngujubake	- Nganggo rapalan kalimah Thaiyyibah - Wis akeh kang ninggalake tradhisi ngujubake
4	Diba'an	Durung ana	Wis lumrah ditindakake
5	Kekahan	Durung lumrah dilakoni	Wis lumrah, malah wajib yen Islam

		lemek uba rampe - Berkat dibuntel godhong gedhang/godhong jati	rampe, saperangan isih nganggo godhong - Berkat wis diwadhahi cething, steroform, lan kothakan, nanging saperangan isih nganggo godhong
3	Piranti umum	- Durung lumrah nganggo sound system/speaker - Undhangan mawa lisan - Durung lumrah nganggo kamera foto	- Wis lumrah nganggo sound system/speaker - Undhangan mawa kertas undhangan - Wis lumrah nganggo kamera

Tata laku sajrone TSKB ing biyen lan saiki uga ngalami owah-owahan. Slametan ing jaman biyen isih kaparibawan dening agama Hindhu, senajan saperangan wong wis ana kang ngenut agama Islam. Rapalan-rapalan kang digunakake nalikane gendurenan uga manut piwulange agama Hindhu. Dene ing saiki, rapalan-rapalan kang digunakake sajrone gendurenan yaiku arupa kalimat-kalimat thaiyyibah lan donga awujud basa Arab. Saliyane iku, sajrone slametan mligine TSKB ing biyen ana tata tumindak kang diarani ngujubne kang ditindakake dening ujub kang diarani perjangga. Tata tumindak ngujubake ing wayah saiki wis arang banget tinemu. Ing desa Bediwetan, mung tinemu saperangan wae kang isih ana perjanggane. Tata tumindak liyane yaiku diba'an nalikane sepasaran bayi. Diba'an durung ana ing slametan sepasaran bayi ing biyen, nanging tinemu ing wayah saiki.

3) Piranti

Tabel 5
Piranti ing Biyen lan Saiki

No	Aspek	Biyen	Saiki
1	Piranti olah-olah/masakan	Tradhisional (dandang, kwali, kayu kanggo masak, lsp)	Modheren (piranti alumunium, kompor gas, lsp)
2	Piranti kanggo uba rampe	- Tampah kanggo wadhah buceng - Godhong gedhang/godhong jati kanggo	- Leser/baskom kanggo wadhah buceng - Kertas nasi kanggo lemek uba

b. Faktor-Faktor kang Njalari Owah Gingsire TSKB

Owah-owahan sajrone tradhisi slametan kelairan bayi disebabkan dening faktor-faktor, faktor *internal* apadene faktor *eksternal*. Andharane kaya ing ngisor iki.

1) Faktor Internal

Faktor saka njero utawa *internal* tegese faktor kang dumadi ing njerone dhewe, yaiku masyarakat. Faktor *internal* kang njalari owah-owahane tradhisi bisa arupa discovery lan invention. Discovery yaiku sawijining panemu kanthi ora sengaja, dene invention yaiku minangka asil panemu nanging kanthi upaya lan disengaja (Sukarman, 2006:38). Dene Koentjaraningrat (1990:257) menehi andharan yen discovery bisa dadi invention yen masyarakat wis ngakoni, nampa, lan ngecakake panemu kang anyar kasebut.

Sajrone rerangkene TSKB, masyarakat Jawa uga nduweni panemu anyar kang uga dicakake sajroning adicara slametan kelairan bayi. Sawise bayi lair, mula kang kudu ditindakake salah sijine yaiku mendhem ari. Ari-ari kang wujud isih durung kaku, isih kaya jeroan, lan isih lemes njalari masyarakat kudu nduweni panemu. Yen ta mung dibuntel kain mori, rasa-rasane isih kurang pantes. Mula, sawise dibuntel kalin mori, masyarakat Jawa nganggep ari-ari kasebut kudu diwadhahi samubarang. Ing jaman biyen, kepinginan kasebut tumuju marang bonggol gedhang kang dirasa nduweni sipat anyep lan nganyepake. Saliyane iku, masyarakat Jawa luwih seneng nggunakake samubarang saka sakiwa tengene omah.

Panemu ngenani ari-ari kang diwadhahi bonggol gedhang iku nyatane bisa nular lan ditampa dening

masyarakat akeh. Nganti saiki isih tinemu ari-ari kang diwadhahi bonggol gedhang, senjata ana saperangan masyarakat liyane kang nggunakake kendhil. Tuladha kasebut kalebu faktor kang dumadi saka *internal*-e masyarakat dhewe.

2) Faktor saka Eksternal

Faktor saka njaba utawa *eksternal* tegese faktor kang dumadi saka sanjabane tradhisi lan masyarakat kang nindakake tradhisi. Njaba ing kene bisa arupa saka masyarakat liya lan panggonan kang liya. Faktor *eksternal* dumadi saka difusi, akulturasi, lan asimilasi. Sajrone TSKB ing desa Bediwetan mujudake proses difusi lan akulturasi.

Salah sijine wujud difusi yaiku panyebaran unsur-unsur kabudayan saka panggonan siji menyang panggonan liya kang digawa dening manungsa-manungsa kang pindhah (Koentjaraningrat, 1990:244). Sajrone TSKB, proses difusi bisa dideleng saka anane tradhisi seni diba'an kang ditindakake sajrone slametan sepasaran bayi. Proses migrasi kang diwiwiti saka masyarakat ing desa Bediwetan kang mondhok ing Pondhok Pesantren Salafiyah, kayata Ringinagung Nganjuk, Lirboyo Kedhiri, Tebu Ireng Jombang, lan liya-liyane. Saka pondhok kasebut, masyarakat kang wis kasil sinau banjur mulih ing desa maneh sinambi gawa kanca lan wiwit nggiyarakake apa kang dipikolehi saka pondhok. Mula unsur Islam ing desa Bediwetan bisa diarani kenthel lan kuwat, utamane ing dhusun Simo lan Warung. Tradhisi seni diba'an minangka tuladha unsur Islam kang mlebu sajrone TSKB jalaran saka proses migrasi.

Kahanan kang kaya mangkono iku uga dipangaribawani anane Pondhok Pesantren Salafiyah kang cedhak karo desa Bediwetan, yaiku pondhok Chasanul Hidayah kang dumunung ing desa Bajang, kecamatan Balong. Akeh sesambungan lan sesrawungan kang dumadi jalaran mung tangga desa. Apa maneh yen nepaki ana adicara kang asipat religi, sesambungan antara kekarone saya kenthel. Pondhok Chasanul Hidayah uga minangka panutan, saliyané pondhok-pondhok gedhe liyane ing Jawa Timur. Kayata nalikane nemtokake dina lan tanggal wiwitane pasa lan riyaya, masyarakat desa Bediwetan mung manut saka pengumuman pondhok. Kahanan kasebut ndadekake unsur agama Islam kang kuwat lan kenthel kang mlebu sajrone tradhisi, mligine tradhisi slametan bayi.

Akulturasi miturut Koentjaraningrat (sajrone Sukarman, 2006:43) yaiku minangka proses sosial kang dumadi yen sawijining kelompok masyarakat kanthi kabudayan tartamtu ketemu karo unsur-unsur saka kabudayan manca lan saya suwe bisa ditampa, nanging ora ngilangi kapribadene kabudayan iku dhewe. Kaya tuladha ing ndhuwur, antarane tradhisi slametan bayi lan unsur Islam kang mlebu iku sejatine mujudake

kabudayan loro kang bisa madeg dhewe. TSKB tetep ana tanpa unsur Islam, dene tradhisi seni diba'an uga bisa madeg dhewe tanpa mlebu sajrone tradhisi. Nanging, jalaran saka proses akulturasi utawa *perpaduan* antarane rong kabudayan iku, kekarone bisa dadi siji. Yen diwawas kanthi luwih jeru, sejatine yen dideleng kaya ing jaman saiki, mula tradhisi slametan kang asli iku kalebu kabudayan *resipien* lan kabudayan saka Islam iku kalebu kabudayan *pendonor*. Bab kasebut bisa dipahami jalaran masyarakat kang nindakake tradhisi iku *mayoritas* masyarakat kang ngugemi agama Islam.

Sajrone proses akulturasi, wiwitane ing jaman biyen, masyarakat kaperang dadi rong golongan, yaiku golongan enom lan tuwa. Masyarakat golongan enom luwih nduweni sipat tinarbuka marang owah-owahane TSKB, kayata mlebu unsur-unsur Islam. Golongan enom nganggep yen owah-owahan iku luwih apik lan ora ngilangi *esensi* saka tradhisi. Golongan tuwa kang mligine isih kapangaribawan saka agama Hindhu ing jaman biyen tamtune luwih nduweni sipat kaku. Sipat kaku kasebut njalari golongan tuwa luwih angel nampa owah-owahan sajrone tradhisine. Angel ing kene dudu ateges ora bisa, nanging tetep bisa lan mbutuhake wektu kang suwe.

Owah-owahan sajrone proses akulturasi iku sejatine bisa diarani gampang-gampang susah. Tegese, ana perangan kang gampang nampa owah-owahan lan ana perangan kang angel nampa owah-owahan. Owah-owahan kang gampang iku lumrahe awujud owah-owahan kang nduweni piguna lan luwih gampang tinimbang sadurunge, kayata babagan undangan. Ing biyen, yen ngundhangi masyarakat kanggo supaya teka ing slametan, kudu marani siji-siji lan mawa lesan, nanging kanthi anane cara kang luwih gampang yaiku undhangan kertas, masyarakat bisa nampa amarga dirasa migunani lan luwih ringkes. Tuladha liyane yaiku babagan berkat. Berkat sawise slametan saiki lumrahe wis diwadhahi cething lan dibuntel kresek, dadi luwih gampang lan ringkes anggane nggawa mulih. Owah-owahan kasebut lumrah lan gampang ditampa jalaran nduweni piguna lan ora ngilangi esensi saka tradhisi slametan.

Dene kang angel, lumrahe perangan kang nduweni gegayutan karo kapitayane pawongan. Tuladhane kaya owahe kapitayan saka Hindhu marang Islam iku mbutuhake wektu kang suwe lan ngliwati tahap-tahap kang uga suwe. Tradhisi slametan mawa gendurenan uga bisa nuduhake tuladha yen kang gayutan karo kapitayan iku angel diowahi. Nganti saiki, isih tinemu unsur agama Hindhu yaiku awujud gendurenan sarta sajen sajrone gendurenan. Unsur Islam mung bisa mlebu marang tata lakune lan niyate anggane gendurenan, nanging ora bisa ngilangi wujud lan uba rampene.

c. Unsur Anyar kang Mlebu sajrone TSKB

Unsur anyar kang mlebu sajroning TSKB lumrahe mujudake unsur kang nduweni gayutan karo babagan teknologi. Ora bisa diselaki yen owah-owahane jaman anggawa piguna mligine ing babagan teknologi. Masyarakat wis ora perlu kangelan kaya ing jaman biyen. Panemu-panemu saka para ahli nyatane bisa nggampangake pakaryane manungsa. Owah-owahane jaman kasebut akeh sithik pancen kudu dieloni yen ora kepengin diarani masyarakat tradhisional. Nanging diapakne wae mbalike menyang pribadine dhewe-dhewe.

“ Saiki kuwi jamane sarwa teknologi. Jamane wis maju, akeh-akehe ya nggunakake teknologi, kalebu ing tradhisi. Teknologi kasebut wernane akeh banget kayata teknologi mesin, elektronik, kesehatan, lan liya-liyane.”
(Ngadenan, 1 September 2013)

Unsur kang gayutane karo teknologi gampang mlebu sajrone piranti-piranti kang digunakake sajrone rerangkene tradhisi slametan kelairan bayi. Wiwit listrik wis mlebu ing desa-desa, akeh owah-owahan kang bisa dirasakake. Anggone madhangi ari-ari kang dipendhem saiki wis nggunakake lampu listrik. Anggone olah-olah ing pawon, sithik akeh uga njupuk manfaate saka listrik. Semono uga nalikane slametan, ora perlu maneh dipadhangi ublik, ning wis padha nganggo lampu listrik. Yen pengin luwih gumebyar, mula nganggo sound system kang uga nggunakake tenaga saka listrik.

Piranti liyane yaiku kang gayutan karo anggone nyajakake uba rampe lan panganan. Asil teknologi kreatif akeh kang digunakake kayata lesir utawa nampan kanggo wadhaha uba rampe. Berkas kang biyen diwadhahi godhong gedhang apadene godhong jati wis diganti nganggo cething lan sabangsane. Samir kang biyene saka godhong gedhang kang diiris, saiki wis ana kang awujud kertas plastik lan kari tuku wae. Semono uga wadhaha lawuh, akeh kang wis dicithak saka plastik. Sawernane jajanan kanggo adu wedang, saiki wis akeh kang nggunakake kothakan. Ora kaya biyen kang diwadhahi nampan utawa dibuntel plastik. Jinise jajanan ing jaman saiki uga luwih maneka warna jinise tinimbang ing jaman biyen.

Teknologi elektronik uga melu ngramekake lan mlebu sajrone tradhisi slametan bayi. Kamera wis dadi samubarang kang kudu ana nalikane slametan bayi, yaiku kanggo moto rerangkene adicara. Nalikane undhangan slametan, para undhangan wis akeh kang padha ngesaki HP. Kanthi teknologi komunikasi kasebut, anggone ngabari lan ngundhangi sanak dulur kang adoh rinasa luwih gampang lan cepet. Sawijining sesawangan kang ora tinemu ing jaman biyen.

Babagan teknologi ing kesehatan uga kalebu unsur anyar kang mlebu. Nalikane lairan bayi, saiki wis akeh kang mara menyang bidan lan rumah sakit. Bidan

kaya-kaya wis ana lan tinemu ing saben-saben desa. Semono uga cara kanggo lairan kari milih cara alami apadene cara operasi (*cesar*). Ibu kang nglairake uga bisa luwih cepet anggone waras sawise lairan jalaran maneka warna obat kang bisa nyepetake anggone waras bubar lairan. Saliyane iku, sadurunge lair utawa bayi kang isih ana ing kandhutan wis bisa dingerteni jinis klamine kanthi teknologi USG. Kabeh iku minangka saperangan unsur anyar kang mlebu ing tradhisi slametan kelairan bayi lan kang ngenut pangrembakane jaman kang saya maju.

D. PANUTUP

Ing panutup iki diandharake dudutan saka andharan ing ndhuwur lan pamrayoga.

1. Dudutan

TSKB ditindakake dening masyarakat jalaran, (1) mujudake tradhisi warisan, (2) mujudake karakter lan sipate masyarakat Jawa, lan (3) slametan minangka sawijining ngibadah. Uba rampene awujud buceng lanang, buceng wadon, jenang abang jenang putih, ingkung, lawuh-lawuhan, iwel-iwel, geneman neptu, lan jajanan pasar. Tata lakune yaiku awujud mendhem ari-ari, gendurenan, kekahan, diba'an, lan nyukur rambute bayi. Uba rampe lan tata laku kasebut nduweni makna kang luhur kang disimbolake ing wujud panganan lan tindakan. TSKB nduweni piguna, yaiku (1) minangka sistem proyeksi, (2) sarana pendhidhikan babagan agama, babagan tata krama (karakter pribadi), lan babagan sosial, lan (3) minangka sistem kontrol. Panampane masyarakat ngenani TSKB kaperang dadi loro yaiku masyarakat kang sarujuk lan masyarakat kang ora sarujuk. Saka panampane masyarakat kasebut uga bisa diweruhi fungsi (*manifes lan laten*) lan disfungsi kabudayan. TSKB ing biyen lan saiki tamtune wis beda jalaran masyarakat minangka panyengkuyunge kabudayan uga wis beda. Beda-bedane iku bisa dideleng ing babagan uba rampe, tata laku, lan piranti panyengkuyunge. Faktor saka njero kang njalari owah gingsire TSKB yaiku *discovery* lan *invention*, dene faktor saka njaba yaiku *difusi* lan *akulturasi*.

2. Pamrayoga

Tresna bisa tuwuh jalaran saka mangerteni. Jalaran saka tresna, manungsa bisa ngugemi lan melu ngleluri. Semono uga ing tradhisi, kanthi mangerteni apa iku tradhisi slametan kelairan bayi, uba rampe lan tata lakune, sarta makna lan pigunane, manungsa bakal menahi kawigaten kang gedhe. Mangerteni makna lan piguna minangka piwulang kang becik tumrap pamangune kapribaden lan karaktere manungsa mligine minangka manungsa Jawa. Mula, luwih becik ora mung nindakake sawijining tradhisi, nanging uga ngaweruhi njaba njerone ngenani tradhisine iku.

Urip iku owah. Semono uga masyarakat lan kabudayan kang ora bisa nyilaki owah-owahan.

Pangrembakane jaman kudu disikapi kanthi sipat wicaksana lan *selektif*, tegese ora saben samubarang kang anyar iku ditampa, nanging kudu diselarasake karo kapribaden lan karakter minangka masyarakat Jawa lan sosial religi. Tradhisi oleh ngalami owah-owahan, nanging ora ngilangi inti lan *esensi* saka tradhisi kasebut. Bab kasebut kudune diwulangake marang para mudha minangka golongan kang nampa tongkat *estafet* kabudayan Jawa.

KAPUSTAKAN

- Afifuddin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia.
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bratawidjaja, Thomas Wiyasa. 1993. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Peberbit Kanisius.
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- _____. 2005. *Pengantar Antropologi: Pokok Pokok Etnografi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Koplan, David & Maners, Albert, A. 2002. *Teori Budaya*. Terjemahan Landung Simatupang. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Luxemburg, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexy. J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers atau Maatchappij N. V. Groningen.
- Purwadi. 2009. *Filsafat Jawa: Ajaran Hidup yang Berdasarkan Nilai Kebijaksanaan*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress bekerjasama dengan Citra Wacana.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya. Unesa Uniperss.
- Sumaryono, E. 1999. *Hermeneutik: Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Suwarni & Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-Dasar*

Upacara Adat Jawa. Surabaya: Penerbit Bintang.
Utomo, Sutrisno Sastro. 2005. *Upacara Daur Hidup Adat Jawa*. Semarang: Effhar.

Yana MH. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut.